ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№20 (24.146) ● 2021 гъэм мазаем (февралым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЗыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хьауэу хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын

Князев Сулеймэн Уэлий и къуэм - «Урысейм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и органхэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Разумов Виктор Владимир и къуэм - гидромелиорацэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэльыплъыныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и «Бгы лъагэ геофизикэ институт» къэрал бюджет Іуэхущ Іапм геологиемрэ геофизикэмкІэ и Іэнатіэм къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэмкІэ и къудамэм уэсукъуэхэр къуршхэм къегъэхьным теухуа щІэныгъэ-методикэ чэнджещэр зэхэлъхьэныкІэ и лабораторэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ»

Балъкъэр Хъусен Хьэмидбий и къуэм - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэмкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъукъащІэ шынагъуэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьныкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэм МафІэсым пэщІэтыныкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и мафІэсгъэункІыфІкъегъэлакІуэ гупым и мафІэсгъэункІыфІкъегъэлакІуэ частым и 13-нэ къудамэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист»

Тхьэгъэзит Темырбий Токъан и къуэм - Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм инкассацэмкІэ и Урысейпсо зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инкассацэмкІэ щІыІэ щІыналъэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 20-м
№14-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министру гъэувын **Езауэ Анзор Кълышбий и къуэр*.**

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 20-м
№17-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэм МафІэ мыужьыхым и деж удз гъэгъахэр щегъэтІылъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Хэкум и хъумакІуэм и махуэм удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ «ЩІыхьым и МафІэ мыужьых» мемориалу Налшык дэтым деж, хэкІуэда зауэлІхэм пщІэшхуэ зэрахуищым и щыхьэту.

ДАУЭДАПЩЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щІэм и Аппаратым КъБР-м къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ зэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд**, республикэм и хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэр, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, щІалэгъуалэ, дзэ-зэкъупсэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ щыму зэхэтащ, зауэм хэкІуэда лІыхъужьхэм я фэеплъым пщІэ хуащІу.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу зэхьыхьэхэр щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, щІыналъэ псоми.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іущ Іащ КІэрэф Мурат

Кіуэкіуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущ Іащ Урысейм и Банкым и Іудамэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Лъэпкъ банкым и унафэщІ КІэрэф Мурат.

ЗЭІУЩІЭР теухуауэ щытащ республикэм щыпсэухэм я мылькъэр зэграгъэкІуэнымкІэ яІэ щІэныгъэм хэгъэхъуэным, щІыналъэм мылькъэр нэхъыфІу къыщыгъэсэбэпынымкІэ Іэмалхэр нэхъыбэ щІыным, КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм и Банкымрэ 2019 гъэм зэращІылІауэ щыта «Гъуэгу картэ» зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа, ахъшэ зэІэпамыхьэу пщІэр яту Іуэхур зэтеухуэным хуэунэтІа къалэнхэр гъэзэщІ-ным ехьэлІа Іуэхухэм.

КІуэкІуэ Казбек а унэтІыныгъэмкІэ нэхъыщхьэу зэлэжьыпхъэхэр къыгъэнэІуащ: «Финанс Іэнатіэм бжьыгъэр зи лъабжьэ Іэмалхэр къыщыгъэсэбэпыныр къэралым иригъэкІуэкІ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, ар зыхуэзгъэпсри щыхуэхэм я псэукІэр егъэфІакІуэныр».

КІэрэф Мурат щыналъэм и Іэтащхьэр щыгъуазэ ищІащ «Гъуэгу картэр» зэрагъэзащІэм кърикІуахэм. Къапщтэмэ, мы зэманым яужь итщ ахъшэр зэІэпамыхьэу Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэщІэхэр щІэным хуэкІуэным. Абыхэм ящыщщ жылагъуэ транспортымкІэ зэрызекІуэм щІат пщІэри, МФЦ Іуэхущ Іапі эхэм къыщыхуащІэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэм пэкІуэри апхуэда щыкІэкІэ яту зэтеухуэным. Гъэунэхуныгъэ мардэм тету еджапІэхэм ящыщ зым щыхапщэну я мурадщ кампус проектхэр - «МИР» картэр къагъэсэбэпуэр пщІэр ятыныр. Банк картэмкІэ еджапІэм щыхьэ зэрыхъунум и мызакъуэу, ныбжьыщІэм еджапІэм и шхапІэм къыщригъэщта ерыскъым и уасэри абыкІэ итыну Іэмал къытыну абы. Апхуэдэ щыкІэкІэ адэ-анэхэм щыгъуазэ защІыкрынущ и быным ишхыр зыхуэдэм, щышха зэманым. Проектыр мыгувэу республикэм и школхэм къыщагъэсэбэпыну къыхалъхьэнущ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ щыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм пэкІуэри ахъшэ зэІэпамыхьэу ятыфу щыным, эквайринг Іэмэпсымэхэм хуэдэхэр республикэм и бззэрхэми щыгъэувыным йолэжь. «Иджырей электрон Іэмэпсымэхэр финанс Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэкІэ къагъэсэбэпыныр махуэ къэс щІыхур зыхуэІ хьууэ ди псэукІэм къыхьыхьащ икІи республикэм щыпсэуэхэм финанс и лъэныкъуэкІэ яІэ щІэныгъэм абы и фІыгъэкІэ хагъахьуэ. Іэнатіэм къыхьыхэр щІэм зегъэсэным мыхьэнэшхуэ иІэщ экономикэмкІэ жылагъуэми зегъэужьыныкІэ», - къыхигъащІащ КІэрэф Мурат.

ЩІыхуэхэм я финанс щІэныгъэм хэгъэхъуным хуэгъэзауэ проект зэмылІэужьыгъуэхэр ягъэзащІэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэс кІуам апхуэдэ онлайн-дерсхэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школи 188-рэ, ирагъэджащ щІыху мин 30 хуэдиз. Финанс щІэныгъэ я гъуэгуфІэным хуэунэтІа дерсхэр ирагъэкІуэкІ пенсионерхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ папщІи. Абы нэмыщІ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм Урысейпсо финанс зачёт нэхъ жыджэру щат и щыпІэхэм ящыщщ республикэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу зачётым хэтащ щІыху 15230-рэ - ар окъугым хыхьэ щІыналъэхэм щынэхъыбэ дыдэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Ухуэныгъэ Іэнатіэм нэхъри зегъэужьын

Кіуэкіуэ Казбек мазаем и 20-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэ Іэнатіэм зыщегъэужьыныкІэ щыІэ Іэмалхэм щытепсэльыхьа зэІущІэ*.

АБы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ **Кьунижь МуІэед**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщі **Ахъуэхъу Таймураз*.**

КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм хэтхэм ягу къиГъэкІыжащ УФ-м и Правительствэм мы гъэм къыщыщІэдзауэ бюджет щыхуэхэр щыналъэхэм зэрыщыхьащ Іэмалыщ Іэхэр хилщэу зэрыхуежьар. А унафэм ипкъ иткІэ, апхуэдэ щыкІэкІэ хуит къэхъу мылькър щыналъэхэм къыхуагъэнэж икІи инвестицэ проектыщІэхэр щагъэзащІэкІэ ахэр къагъэсэбэпыну Іэмал къарет. Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэщах къэрал щІыхуэм къыпэкІуэу сом мелуан 870-рэ къыхуэнэжынущ.

ЩІыналъэхэм иратыж мылькър фейдэ нэхъыбэ къыпэкІуэу зыхэпІнхьэ хъуну Іуэхуэм я щапхъэу нэгъуащІ хэкуэм къагъэсэбэпэм щыхэпІущ зэІущІэм, абыхэм ящыщщ псэупІэхэр ухуэным хуэгъэпсэхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и инфраструктурэм зегъэужьыныкІэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэльэгъуащ псэупІэхэр, гъэгъуэгъэ ухуэныр, апхуэдэуи социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ Іапі эхэм кьедза щыпІэхэр зэІуэзэпэщ щыныр. Къапщтэмэ, республикэм мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ псэупІэхэр щаухуэ: илъэси 10 гъэнэгъуэм къуиныбдзэу псэупІэу метр зэбгъуэзанІэ мелуаниблым нэблагъэ ятыну я мурадщ. Гъэгъуэгъэ ухуэныкІэ Іэнатіэр къапщтэмэ, мы гъэм къриубыдэу щыналъэ трассэу километри 110-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну трауХуащ, муниципальнэ гъэзгъуэгъэ зыхуей хуэгъэзэн лэжьыгъэми пащэнщ. Дэтхэнэ зы ухуэныгъэми щІыху псэуп Іапщ Іэ зыхуеину псори ешэлІауэ, унэм кьедза щІыпІэрэ зэІуэзэпэщ щытын хуейщ.

2020 гъэм республикэм и Іэтащхьэм ухуакІуэхэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэмрэ къалэн ящищІауэ щытащ щылажьэ щІыпІэхэм зэдзэуэ зрагъэужьыну, объектхэр щаухуэкІэ е къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжкІэ абыхэм я хуреягъри зэІуэзэпэщ ящыну, гъэгъуэгъэ яуку ядиныр, зыхуеину инженер коммуникацэхэр ирашэлІэну. Нэхъапэм а лэжьыгъэм трагъэкІуэдащ республикэм, муниципальнэ бюджетхэм я мылькър, апхуэдэуи лъэпкъ проектхэм къыхуагъэнэж икІи инвестицэ проектыщІэхэр щагъэзащІэкІэ ахэр къагъэсэбэпыну Іэмал къарет. Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэщах къэрал щІыхуэм къыпэкІуэу сом мелуан 870-рэ къыхуэнэжынущ.

ЩІыналъэхэм иратыж мылькър фейдэ нэхъыбэ къыпэкІуэу зыхэпІнхьэ хъуну Іуэхуэм я щапхъэу нэгъуащІ хэкуэм къагъэсэбэпэм щыхэпІущ зэІущІэм, абыхэм ящыщщ псэупІэхэр ухуэным хуэгъэпсэхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и инфраструктурэм зегъэужьыныкІэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэльэгъуащ псэупІэхэр, гъэгъуэгъэ ухуэныр, апхуэдэуи социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ Іапі эхэм кьедза щыпІэхэр зэІуэзэпэщ щыныр. Къапщтэмэ, республикэм мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ псэупІэхэр щаухуэ: илъэси 10 гъэнэгъуэм къуиныбдзэу псэупІэу метр зэбгъуэзанІэ мелуаниблым нэблагъэ ятыну я мурадщ. Гъэгъуэгъэ ухуэныкІэ Іэнатіэр къапщтэмэ, мы гъэм къриубыдэу щыналъэ трассэу километри 110-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну трауХуащ, муниципальнэ гъэзгъуэгъэ зыхуей хуэгъэзэн лэжьыгъэми пащэнщ. Дэтхэнэ зы ухуэныгъэми щІыху псэуп Іапщ Іэ зыхуеину псори ешэлІауэ, унэм кьедза щІыпІэрэ зэІуэзэпэщ щытын хуейщ.

Республикэм и Іэтащхьэм Правительствэм пщэрыпъ щищІащ КъБР-м и экономикэм дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ инвестицэ проектэр сыт хуэдэхэрами ягъэбелджылыну, щыналъэм и инфраструктурэм трагъэкІуэдэн папщІэ кърат мылькър трагъэшэн хуэдэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхум егъэпІейтей

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету щэбэт кІуам иригъэкІуэкІащ Коронавирус уз зэрыщІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщымыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыжыну я узыфэм зэрыпэщІэтым теухуа Іуэхуэр зэкІэлъыплъыгъакІуэ оперативнэ штабым и зэІущІэр*.

ЩІЫНАЛЪЭМ щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэр зыхуэзгъэк, медицинскэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр зэрекІуэкІым и гугъу ящу къэпсэльащ «Роспотребнадзор»-м и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъанэрэ** КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустамрэ*.**

Мазаем и 20-м ирихьэлІэу коронавирус узыфэр щыху 20407-м кьеуэлІауэ кьахутащ, 19078-р хьужащ, 361-р абы кьахуегъэлакъым.

Госпитал хэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт сымаджэ 459-м, абыхэм ящыщу 48-р реанимацэхэм щІэлъщ, ИВЛ Іэмэпсымэмкіэ щІыхибл ягъэбауэ. Псори зэхэту госпиталхэм гъэзэлъпІэ 736-рэ щІэтщ. Амбулаторнэу сымаджэ 999-м ийоІэзэ.

Коронавирусыр ягкърытмэ зохагъэкІын папщІэ республикэм и лабораторэхэм къэщІытынгъэу мин 437-рэ ирагъэкІуэкІащ, илъэсыр къызэрихьэрэ КТ-кьэпщытынгъэу мин 13-м щигъу пщІэнэзу ящІащ.

ЩытыкІэм кІэлъплъхэм зэрыжаІэмкІэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, щІыналъэм тхьэмахуэм щІэгъуэуауэ йох коронавирус зэуэлІауэ кьахутэхам я бжьыгъэр, иужьрей тхьэмахуэ зэхуакуитІым къырибыдэу процент 30-кІэ нэхъ мащІэ хуащІ сымаджэщхэм ягъэгъуэлъхэр.

Унафэ кьащтащ Тэрч щыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм мазаем и 22-м къыщыщІдзащ коронавирус зыпкърытхэр ямышэну. Нэхъ пасэу зэхуащыжауэ щытащ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым, Кьалэ клиникэ сымаджэщ №2-м, Шэджэм, Прохладнэ щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм, щІыналъэхэм зэдай сымаджэщым къыщызэІуахауэ щыта госпиталхэр. Медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр дезинфекцэ ящІа, ягъэхъэбзэжа нэужь нэхъапэм зэрылажьэ мардэм техьэжьынущ.

Лэскэн сымаджэщым эпидемием пщІэтыным хуэунэтІа Іуэхуэр щызэфІакІмэ, коронавирус узыфэр нэхъ хьапъэу зыпкърыкІахэм я узынщагъэм щыкІэлъыпІпъ реабилитацэ кьудамэ къыщызэІуахыну трауХуащ.

Зэ Іущ Іем щхьэхуэу и гугъу щащІащ COVID-19-м зэрыпэщІэт мастэр щыхуэхэм яхэлъхьэным мыхьэнэшхуэ иІэщ, гъатхэ-бжьыбгъэм хуэгъэзауэ «И хахуагъэм папщІэ», «Сталинград зэрахьумам папщІэ», «Ленинград зэрахьумам папщІэ», «Кавказыр зэрахьумам папщІэ», «Совет Заполярьер зэрахьумам папщІэ», «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалхэм я удостоверенэхэр. А тыгъэ ІъпапІэ-зэрыщІэкІ гъэплъу къахуонэ зыхуагъэфэщауэ щытахэм я щІэблэм.

ЗэІущІэм къарагъэблагъат лІыхъужьхэм я бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр. «Сталинград зэрахьумам папщІэ» медалыр

Хэкулі, щІэныгъэлІ щэджащэ Бэрбэч ХьэтІуитІэ (1916 - 1965)

И цІэр университетым зэрехьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс 64-рэ ипэкІэ университет кІызэ рыщыізэІуахар ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм хыхьэ адрей лъэпкъ автономиехэми щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зыщагъэсыныкмкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэхугъуэт. А зэманым ди къэралым щекІуэкІа щІэныгъэ-техникэ революцэм кьигъэува кьалэнхэм ящыщт лъэпкъ экономикэр зыхуэныкъуэ Іэщіагъэлізкэр гъэхьэзырыныр. Ар фІы дыдэу кІызыгурыІуэ, гъащІэм и бзэукІэр псэкІэ зыхэзыщІэ политик Іэзэт КъБКъУ-м и ялэ фокус щыта Бэрбэч ХьэтІуитІэ МутІэ и къуэр.

БЭРБЭЧЫР Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1916 гъэм мазаем и 25-м къыщалъхуащ. Жылэм и илъэсибл школыр 1931 гъэм кьиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ Новочеркасск кьалэм дэт школым. Налшык дэт педагогикэ техникумым егъэджакІуэ Іэщіагъэр щызригъэгъуэтри, 1936 - 1940 гъэхэм и щІэныгъэм щыхигъахъуащ Крупская Надеждэ и цІэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым.

1942 гъэм Бэрбэчым къиухащ КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр икІи Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м лэжьакІуэ къагъэкІуэжащ. А илъэсым и бадзэуэгъуэ - фокІадэ мазэхэм ар щыІащ КПСС-м и обкомым къепхауэ лажьэ парт школым тхыдэмкІэ егъэджакІуэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм ПІалъэкІэ щаубыда лъэхъэнэм ар Куржым и кьалащхьэ Тбилиси, иужькІэ Ткварчели кьалэм щыпсэуащ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщІадзауэ 1943 гъэм и мазае пщІондэ партым и Ткварчели кьалэ комитетым лектору щыІащ. Ди щыналъэр биим кьыщІэхьажу хуит хьужа нэужь, абы къыгъэзэжащ икІи КПСС-м и Налшык кьалэ советым и секретару, иужькІэ партым и Прималкинскэ кьалэ комитетым и секретару, КПСС-м и обкомым и лектору лэжьащ.

1945 гъэм и мазаем къыщыщІэдзауэ 1948 гъэм и Гъатхэпэ пщІондэ Бэрбэч ХьэтІуитІэ щытащ Республикэ радиокомитетым и унафэщІу. КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм Бэрбэчыр пэрытащ жэуапльныгъэ зыпылъ нэгъуэщІ къулыкъухэми. Ар щытащ КПСС-м и обкомым и къызэгъэпэщкІуэ къудамэм, административнэ Іэнатіэм я пашэу. 1950 - 1957 гъэхэм ХьэтІуитІэ лэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару.

1952 гъэм къыщыщІадзауэ Бэрбэч ХьэтІуитІэ хэтащ Мамырыгъэр хъумэныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр комитетым. 1954 гъэм Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ академием, КПСС-м и ЦК-м и нэІэм щІэту лажьэм, и илъэс курсхэм щеджащ икІи «Къэбэрдей социалист лъэпкъыр къызэрыунэхуамрэ абы игъуэт зыужьныныгъэмрэ» къэхутэныгъэ диссертацэр игъэхьэзыращ, ехьулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ икІи тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр къыфІащащ.

1956 гъэм и бадзэуэгъуэ маазэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым СССР-м и унафэщІхэм я деж игъэхьауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухъэрэ илъэс 400 зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпІэн зэрыхуейм теухуа тхыльэ, абы ирихьэлІэу гъэззэщІапхъэу къалъытэхэр иту. А тхыльым щхьэхэу къыщыкІэлъыгъуат пединститутым къэрал университет щІэн зэрыхуейм теухуа жэрдэмрэ. Нэрылъагъут экономикэмрэ жылагъэмрэ апхэдэ зэхъуэкІыныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Университет ди щІэныгъэм къыщыізэІухыпхъэу къэзыІуатэ ХьэтІуитІэ лІыгъэ къыкъуэкІащ и гупсысэм лъабжьэшхуэ зэриІэр куэдым къагурегъаІуэну, и мурадхэр зригъэхьулІэну. Бэрбэчым и Іуэху епІыкІІэр кьыдалыгъэщ, лъэпкъ интеллигенцэм щыщ щІэныгъэлІхэр, Іэщіагъэлізкэр мызэ-мытІэу тхащ щыналъэ, хэкуэт унафэщІхэм я деж, Бэрбэчым кьыхилъхьа жэрдэмыр зэрыІэмалынш Іуэхур кьыхаугъэщу.

1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ кьищтащ Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, ди республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университет кьыззэрыщыізэІуахьм теухуауэ. РСФСР-м и Министрхэм я Советми а зэман дыдэм унафэ ищащ Налшык мэкъумэш техникумым и унэр, общежитыр, еджапІэм и мылъку-техникэ базэр псори КъБКъУ-м етын хуейуэ. Куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ зы хуэзэ кьаІэрыхьащ республикэм и унафэщІхэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и ректору гъэувын тхьдэ щІэныгъэхэм я кандидат Бэрбэч ХьэтІуитІэ МутІэ и къуэр», - жиІэу иту.

И кьулыкъым щыпэрыува ящэ махуэхэм кьыщыщІадзауэ ХьэтІуитІэ лъэкІыныгъэу, зэфІэкІыу бгъэдэлъ псори ирихьэлІэщ еджапІэ нэхъыщхьэм и щІэныгъэ, технико лъабжьэр егъэфІэкІуэным, ар нэхъри гъэбыдэным. Абы фІыуэ кьыгурІыуэрт щІэныгъэм и зыужьныныгъэм щыналъэм кьыхуихьыну ехьулІэныгъэ лъагэхэр икІи еджапІэм занщІэу лэжьапІэ кьриГъэблэгъащ кьэралым и математик, физик, химик, филолог цІэрыІуэхэр. Апхуэдэ щыкІэкІэ Бэрбэчым игъэтІыльащ университетым и егъэджэныгъэ-щІэныгъэ лъабжьэ быдэр. Нобэ еджапІэм зыІэригъэхьэ ехьулІэныгъэхэми я кьежьапІэ пэж хъуащ Бэрбэчым абы щыгъуэ иубзыхуэ Іуэху зехьэкІэр.

Къызэригъэпэщащ университетым Бэрбэч ХьэтІуитІэ нэхъыбэм зэреджэр «гъащІэм и нэхугъэ», «зыужьныныгъэм и джэлэс» псалъэхэмкІэт. Ипэжыпэ Іэ а еджапІэ нэхъыщхьэр хъуащ щІэныгъэ и нэхум ди цІыхубэр хуэзыша нэхугъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым къызэрызэІуахьм щымыгуфыкІ зы цІыхуи ису кьыщІэкІынтэкъым ди щІэныналъэм. КъБКъУ-р къызэрызэІуахьм теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэ ин республикэм щекІуэкІащ 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м. Ди республикэм и щІэныгъэ-творческэ интеллигенцэм, ди цІыху псоми гуфІэгъуэшхуэр даІыгъыну щІыналъэм къеблэгъат Москва, Ленинград, Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм я лІыкІуэхэр, къэрал унафэщІхэр. Махуэшхуэ зэхуэсым и утыкум доклад щищІат абы и ректор Бэрбэч ХьэтІуитІэ МутІэ и къуэм.

Университетым и зэфІэувэныгъэм Бэрбэч ХьэтІуитІэ хуищІа хэлъхьэныгъэр абрагъуэщ. Ар езыр цІыху тельыджэт, и гупсысэкІэрэ Іуэху епІыкІэрэ иІэжу, кьыпэщыІть кьалэнхэмрэ мурадхэмрэ ищІэу. Абы гъащІэм, зыпэрыта къэрал, жылагъуэ Іэнатіэхэм дапщэщи япэ щригъэщар цІыхубэм сэбэп ахуэхъун зэрыхуейрт. А унафэщІ щыпкъэм и фІыгъэщ КъБКъУ-м зэман кІэщІым кьэрибудэзу хэпщІыкІыу зэрызиужьар, математикэ, физикэ, химие, филологие щІэныгъэхэмкІэ ехьулІэныгъэфІхэр зэрызыІэригъэхьар, Іэщіагъэ зэмыІэужьыгъуэ кьэрдым щыхурагъаджэ зэрыхъуар.

Езы Бэрбэчми и щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хигъахьэу зэпыт. 1962 гъэм ирихьэлІэу игъахьэхращ икІи ехьулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкІуар» доктор диссертацэр.

НэгъуэщІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лжэныгъэ купщІафІэ куэди и кьалэмыпэм кьыпыкІащ Бэрбэчым. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей лъэпкъым совет лъэхъэнэм игъэта зыужьныныгъэмрэ щІэныгъэмрэ», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я совет автономиер», нэгъуэщІхэри.

Бэрбэч ХьэтІуитІэ хэтащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием социалистическэ, коммунистическэ ухуэныгъэмкІэ и ЩІэныгъэ советым, Кавказ Ищхьэрэм Гуманитар унэтІныгъэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лжэныгъэхэр зэгъэуІуныкмкІэ и щІэныгъэ советым. ХьэтІуитІэ мызэ-мытІэу хэтащ икІи доклад купщІафІэхэр щищІащ щІыналъэпсо, кьэралпсо щІэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. КъэкІыпІэр зыдыжьым и дунейпсо конгресс у 1965 гъэм Москва щекІуэкІам и делегату щытащ.

Къэралым, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щыбгъкІэ зэфІихэ Іухуэгъуэхэм папщІэ Бэрбэч ХьэтІуитІэ кьыхуэгъэфащащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытІэу кьратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьыбгъэдэкІ ЩІыхь, фІыщІэ тхыльэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и ящэ ректорым и гъащІэ купщІафІэм, лъэпкъ щІэныгъэмрэ щІыналъэ зыужьныныгъэмрэ абы хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм хуэфащэ жьантІэ увыпІэр щыубыд ди республикэм и тхыдэм. Бэрбэч ХьэтІуитІэ игъэтащ лъэпкъым кьыбгъэдэкІ фІыщІэ инрэ пщІэ лъагэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр кьалъытэри, КъБР-м и ящэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерий и унафэкІэ университетым фІащыжащ Бэрбэч ХьэтІуитІэ и цІэр. Ар еджапІэм зэрехьэ, ехьулІэныгъэщІэкІэр зыІэригъэхьэу, лъагапІэщІэкІэр хъищтэу.

КЪАРДЭН Маритэ.

КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ яхэтщ. *1958 гъэ*

Щыхьэтщ зэманыр

Аушыджэрыр - Бэрбэч лъэпкъым я лъахэщ. Бэрбэч МутІэ и бынхэр адрейхэм къахэщащ еджэным, щІэныгъэм хуаІэ ерыщагъыныр лъагъуныгъэмкІэ. «Си бынхэм кьыхахьыну Іэщіагъэр Тхьашхуэм ещІэ, ауэ абы нэхърэ нэхъ согъэнэхъапэ щыхугъэрэ пэжагъыу зыхалъхьэнум и куэдагъыр», - жиІэрт нэхъыжьыфІым.

МУТІЭ и къуэхэу Жылэбий, ХьэтІуитІэ, Нэгъурбий, Темыркъан сымэ я балигъ хъугъуэм лъэхъэнэщІэ кьэунэхуащ икІи дэтхэнэ зыми езым и псэм фІэкьабыл Іэщіагъэр Іэпэгъу ищІащ. ЩІалиплІым ящыщу зыми кьыгъэжьІытакъым адэр, Бэрбэчнэ я лъэпкъ напэми ныбжь жагъуэ трагъэдзакъым. Зэшхэм я нэхъыжь Жылэбий Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм яхэтащ Сталинград деж бийр щызэтезыІыгъахэм, и псэри ТекІуэныгъэм щитащ. Мэкъумэш хозяйствэр щыІыналъэм щызэтегъуэвэным и гуащІэхуэр хилъхьащ экономист Іэзэ, щІэныгъэлІ щыпкъэ Темыркъан. ХьэтІутІэрэ Нэгъурбийрэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм кьыхуэгальхуэ хуэдэт. Нэгъурбий щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, и псэр зыхуеІэ Іэнатіэм пэрыуващ. Ар егъэджакІуэу кьуажэ щкольным кьащтащ.

ХьэтІутІэ и япэ дерсхэм ирихьэлІащ парт лэжьыгъэшхуэ зэфІихауэ. ЩІэныгъэфІ Ленинград щызригъэгъуэта нэужь, ар лэжьащ партым и обкомым и лектору, абы и кьудамэм и унафэщІу, секретару. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлізм и лекцэхэр егъэлеяуэ купщІафІэт, гъэщІэгъуэну, студентхэр псэкІэ итхьэкъуу зэхэлъхьат ахэр.

- ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ къызыщІах егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм я фІагъымрэ мыхьэнэмрэ псом япэ зэлъытар абы щезыгъаджэ лекторхэм я Іэзэгъымрэ я гупсысэм и кууугъэмрэщ, я дуней еплъыкІэм и кьуеягъымрэ къэухьым и гъунапкъэншагъымрэщ, - жиІэрт ХьэтІутІэ. - Техникэ Іэмэпсымэхэм сыт хуэдизу замыужьами, ахэр егъэджакІуэм и пІэм зэи иуэрфыныкъым: гупсысэкІэкІэ, гукъыдэжкІэ, студентымрэ езымрэ яку дэлъ псэ хуабагъымкІэ. Егъэджэныгъэм хэт а лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэр нэхъ куу, быдэ хьухуКІэ, зым кьулеягъэу бгъэдэлъыр адрейм нэхъ щІэх иритыфынщ.

Егъэджэныгъэ Іэнатіэм КъБКъУ-м я япэу щыпэрыувауэ арами, а зэманым ирихьэлІэу ХьэтІутІэ и щыбагъ кьыдэлът щІэныгъэкъэхутэныгъэ лжэныгъэшхуэ. Абы щыхьэт техьэу тхыгъэ куэд и Іэдакъэ кьыщІэкІащ абы. Бэрбэч ХьэтІутІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет лъэхъэнэм теухуа кьэхутэныгъэхэр япэу нэсу езыгъэкІуэкІар. А темэр зэщІащэ кьыззэкІэрызых щІэныгъэ лэжьыгъэ 20-рэ моноографиеу 2-рэ зэман кІэщІым кьэриубыдэу дунейм кьытехьащ.

ЩІэныгъэлІхэм мыхьэнэшхуэ иратауэ щытащ ХьэтІутІэ и «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхэхуІуар» монографием. «СССР-м и тхыдэ» журналым абы теухуауэ 1964 гъэм къытехуащ тхыгъэ щхьэхуэ. «Бэрбэч ХьэтІутІэ и монографием щыпІэшхуэ щеубыд кьэралпсо тхыдэр джынымкІэ екІуэкІ къэхутэныгъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щапхъэхэмкІэ зэпкърыхауэ къэІуатэ хъуащ совет лъэхъэнэм кьриубыдэу лъэпкъ цІыкІуэхэм ягъуэта зыужьныныгъэм и инагъыр», - къыхэщырт тхыгъэм.

Бэрбэчыр куэдрэ ирагъэблагъэрт къэралпсо, дунейпсо щІэныгъэ зэхьхэзэм. Абыхэм я утыку екІуу къыщыпсалъэрт, кьедалуэ псори къыдихьэхыу. КъухьэпІэ лъэпкъхэм я 24-нэ Дунейпсо конгрессыр щекІуэкІым щыгъуэ, ди къэралым и лІыкІуэу а зэІущІэшхуэм къыщыпсэлъэну зыхуагъэфэщар профессор Бэрбэч ХьэтІутІэт. Ар адыгэ щІэныгъэлІым кьыхуащІ пщІэшхуэр къэзыгъэлъагъуэт. Хамэ къралрэм кьикІа щІэныгъэлІ куэдым яфІэтелъыдэжь хъуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ цІыкІум мыпхуэдизу Іэзагъэр щІэныгъэрэ зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлі щыпкъэ зэрыІэр. Анкара университетым исЛъамыкІэ и кафедрэм и унафэщІ Велиди Зеки игъэщІагъуэрт Бэрбэчым и Іэдакъэ кьыщІэкІа щІэныгъэ тхыгъэхэм гупсысэ куурэ къэІуэтэкІэ екІуэрэ зэраІэр, ар езыри республикэм и кьэрал университетым и кьызэгъэпэщакІуэу, унафэщІу зэрыщытыр.

СощІэж, 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІауэ щытащ щыхуэ 1500-рэ зыхэта республикэпсо альпиниадэ. Университетым щыщу цІыхуи 101-рэ Іуащхьэмахуэ и щыгум абы щыгъуэ дэкІат. Бгыщхэ уардэм кьеплъыхьу зи Хэкум кьиплъэ гупым яхэтт КъБКъУ-м и ректор, хэкупсэ нэс Бэрбэч ХьэтІутІи.

ЩІэныгъэлІ Іэзэ кьудей мыхъуу, и гупсысэкІи, и Іуэху зехьэкІэкІи, и дуней еплъыкІэкІи щІэжащт ХьэтІутІэ. И кьаруи, и зэманми щыхьакъым ар бын пэлъытэу иІа университетым егъэфІэкІуэнымкІэ. Ректорыр сыт щыгъуи хущІэкъуащ КъБКъУ-р - лъэпкъ Іэщіагъэлізкэр щагъэхьэзыр кІыщыр - езым хуэдэхэм фІыкІэ кьахэщыным. Зэманыр и щыхэхуэр ар абы зэрыхуэзфІэкІам. Бэрбэч ХьэтІутІэ игъэтІылъа щІэныгъэ лъабжьэм ноби зеужь, зеукъуэдий, мэбагъуэ.

Хэкулі, щІэныгъэлІ щэджащэ Бэрбэч ХьэтІутІэ и вагъуэр ноби маблэ.

ЛЕСЕВ Виталий,
КъБКъУ-м щІэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ и проректор.
1987 гъэ

Къэкіуэнум фІыкІэ хуэлэжьа

Адыгэ уэзщІакІуэ цІэрыІуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы еупщІат, жи, «Хэт кІыфІу тльытэнур?» - жаІэри. «Зэманым декІур кІыфІщ», - жэуап итыжыгъат а лІы Іущым.

ЖЭУАП кІэщІхэм, зэрыхабзэщи, зэпкърыпхьжьын хуейуэ къагъэув. Сыту пІэрэтІэ Жэбагъы «Зэманым декІур кІыфІщ» жэуапымкІэ жиІэну зыхуеяр? Абы и щапхъэ нэсщ Бэрбэч ХьэтІутІэ МутІэ и къуэм и гъащІэ купщІафІэр. ХьэтІутІэ нэсу кьыгурыІуащ зыхэпсэукІ лъэхъэнэм кьиГъэв кьалэнхэр, япэ иригъэщ Іуэхугъуэхэр. Ахэр и тегъэщІапІэу, абы хуэзфІэкІащ пщэдейрей мазуэм лъэпкъым кьыпигъэтІылъыну Іуэхуэхэм яхуэзІуэ Іуэхугъуэхэр нобэм зэфІихьи. Къэкіуэну зэманым хуэлэжьащ а парт, къэрал кьулыкъущІэ ІэкіуэлъакІуэр.

Язныкъуэхэм кьаззрыщыхьмкІэ, «зэманым декІур» ар цІыху жыІэщІу, нэІурыту, жыІэдащІу щытхэрщ. Апхуэдэ цІыхуэм жэрдэм гуэри кьабгъэдэкІыркъым, ахэр «псы ежэхым зыдекІ», зыми зэран яхуэзхуркъым, езыхэри къиІэзыдзащэ щыІэкъым. Къохъур ахэр «ищхьэмкІэ кьыщыдридзей», кьулыкъушхуэкэр хуэмыфащэу щаІэрыихэ. Апхуэдэхэм деж абыхэм пщІэи щхьэи куэдым хуащІынукъым, а ягъуэт мащІэри, дыгъэпсым хэткІуэхьыж пшагъуэм хуэдэу, кІэдыжьынущ, унафэр зэрыІэщІахьу.

Бэрбэч ХьэтІутІэ зыгуэрым зыхуигъэщхьын дэнэ къэна, езы зэман дыдэр кьэззыгъэІурыщІэфа цІыху тельыджэт. Пединститутыр университет ищІыну мурад щищІам щыгъуэ, щэч хэлъкъым, куэдым я гугъащ а гупсысэм лъабжьэ имыІэу икІи мызыгъуэгуркІэ ар зыми хуэзфІэмыкІыну. Акъыл щэщІарэ гупсысэ куурэ зыбгъэдэлъ адыгэлІыр кьыпикІуэтакъым гъащІэм, цІыхуэхэм кьыхуагъэува лъэпощхьэпохэм. ЩІыналъэ псом щыяпэ, Іэщіагъэ куэдым щыхурагъаджэ университет Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыззэрыщыізэІуихам и мызакъуэу, зэман кІэщІым кьриубыдэу ар Бэрбэчым ищІыфащ есэпымкІэ, техникэмкІэ, гуманитар унэтІныгъэхэмкІэ кьэхутэныгъэхэмкІэ ирикІи купщІафІэхэр щызэфІэкІ.

ЩІэныгъэ зэмыІэужьыгъуэхэм я кандидатрэ докторуу университетым щылажьэхэр щэ бжьыгъэ мэхъу. Зы илъэси кьэмынэу КъБКъУ-м кьыщІегъэкІ Іэщіагъэлі минхэм: егъэджакІуэхэми, агрономхэми, зоотехникэми, инженерхэми, дохутырхэми, нэгъуэщІхэми.

ГЪУТ Іэдэм,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

Си фІэщ мэхъу

Грековым и цІэр зэрихьэу Ростов дэт художественнэ училищэр кьэзуха нэужь, сэ Налшык сыкъэкІуэжат. Хэку зауэшхуэм и лъэужьхэр иджыри мыгъущІапІуэ, хьэлъэт зэманыр. СурэтыщІхэм хэхауэ яІэтэкъым щылажьэн мастерской гуэри. Апхуэдэ пІанэпэ куэдрэ къэслъысыхуа нэужь, сэ мастерской сщІыну кьыхуагъэлъэгъуащ ди еджапІэ нэхъыщхьэм и тхыдэ-филологие факультетым и щІыныгэр. Сэ арэзы сыхъуащ икІи сигури си псэри зыхьэхуа гъуэзджэм хуэлэжьэн щІэздзащ. Дауи, щыщащІэ сухуахыным и унафэр зыщІар Бэрбэч ХьэтІутІэт.

ХьэТІУТІЭ щІэх-щІэхьурэ кьакІуэрт си мастерскойм. Абы фІэгъэщІэгъэнт гъэлъэгъуэныгъэ зэмыІэужьыгъуэхэм хуэзгъэхьэзыр си сурэтхэр. Ар езыр цІыху гуапэт, фІы дыдэу кьыСхуащытт икІи тегъэзыехьырт си хэщІапІэр нэхъри егъэфІэкІуа зэрыхъуным.

Пединститутыр и лъабжьэр ди республикэм университет кьыщыщІэзэІуихынум щыгъуэ, Бэрбэчым лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ. Ар щІэх-щІэхьурэ Москва кІуэрт, абы щахуэзэрт кьэрал унафэщІхэм икІи абыхэм кьагуригъаІуэрт ди щІыналъэм университет кьыщызэІухынкІэ Іэмал зимыІэужьуэ зэрыщытыр. Сыту жыпІэмэ, зызыужь, зыужьащІ ящыщІэ ди щІыналъэм и лъэпкъхэм я тхыдэр зэфІэгъэувэжкІэ пхигъэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкІуар» доктор диссертацэр.

НэгъуэщІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лжэныгъэ купщІафІэ куэди и кьалэмыпэм кьыпыкІащ Бэрбэчым. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей лъэпкъым совет лъэхъэнэм игъэта зыужьныныгъэмрэ щІэныгъэмрэ», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я совет автономиер», нэгъуэщІхэри.

Бэрбэч ХьэтІутІэ хэтащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием социалистическэ, коммунистическэ ухуэныгъэмкІэ и ЩІэныгъэ советым, Кавказ Ищхьэрэм Гуманитар унэтІныгъэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лжэныгъэхэр зэгъэуІуныкмкІэ и щІэныгъэ советым. ХьэтІутІэ мызэ-мытІэу хэтащ икІи доклад купщІафІэхэр щищІащ щІыналъэпсо, кьэралпсо щІэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. КъэкІыпІэр зыдыжьым и дунейпсо конгресс у 1965 гъэм Москва щекІуэкІам и делегату щытащ.

Къэралым, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щыбгъкІэ зэфІихэ Іухуэгъуэхэм папщІэ Бэрбэч ХьэтІутІэ кьыхуэгъэфащащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытІэу кьратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьыбгъэдэкІ ЩІыхь, фІыщІэ тхыльэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и ящэ ректорым и гъащІэ купщІафІэм, лъэпкъ щІэныгъэмрэ щІыналъэ зыужьныныгъэмрэ абы хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм хуэфащэ жьантІэ увыпІэр щыубыд ди республикэм и тхыдэм. Бэрбэч ХьэтІутІэ игъэтащ лъэпкъым кьыбгъэдэкІ фІыщІэ инрэ пщІэ лъагэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр кьалъытэри, КъБР-м и ящэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерий и унафэкІэ университетым фІащыжащ Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр. Ар еджапІэм зэрехьэ, ехьулІэныгъэщІэкІэр зыІэригъэхьэу, лъагапІэщІэкІэр хъищтэу.

КЪАРДЭН Маритэ.

Абы и лъагъуэр зэи хэгъуэщэжынукъым

ЦІыхум Іуэхуфі куэд зэфІихамэ, дунейм тетыху и цІэр фІыкІэ Іуамэ, абы и фэепльмы пщІэ хуащІ зэпыту кьокІуэкІ. Напэ кьабзэр тыгъэ нэхъ льапІэ дыдэу зэрыщытыр, Іэуэкьым зэманыр щыхьэт техьэуэ кьыззэрекІуэкІыр нэсу зыхищІэу и льэпкъым и зыужьныныгъэм хуэлажьэрщ цІыху Іущыр, насыпифІэр. Апхуэдэ цІыхуэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и кьызэгъэпэщакІуэ, абы и япэ ректор Бэрбэч ХьэтІутІэ МутІэ и къуэр.

СОВЕТ щІэныгъэлІ-тыдздж цІэрыІуэ, ди щІыналъэм и лъэпкъхэм я тхыдэр зэфІэгъэувэжкІэ пхигъэкІащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ бжыгъэншэхэр езыгъэкІуэкІа Бэрбэчыращ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктору, профессору адыгэхэм япэу кьытхэкІар. ЩІэныгъэлІ щыпкъэр хуабжьу дихьэхыр кьызыхэкІа лъэпкъым и блэкІам, и нобэм, абы и кькІуэнуми псэ хьэлэлу хуэлажьэрт. Апхуэдэ гурыщІэхэм кьыхихауэ кьыщІэкІынщ ХьэтІутІэ 1958 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмкІэ и факультетым «КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэр» курс хэха кьыщыізэрригъэпэщауэ зэрыщытар, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щІэныгъэ нэхъыщхьэр» жыхуиІэ нэтынитхур кьуэкІыпІэ хьэрпхэм папщІэ 1965 гъэм иригъэкІуэкІкІэ зэрыхуэзфІэкІар. Зи гугъу тщІы нэтынхэр Бэрбэчым адыгэбзэкІэ иригъэкІуэкІыт, хьэрпыббзэкІэ зэрадзэкІыжу арат.

КъБКъУ-м и япэ ректорым и Іэдакъэ кьыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 40-м нэс. Абыхэм жылагъуэм кьыщыхъуа зэхъуэкІныныгъэхэр, Іуэху пыухыкІахэр щІэныгъэ, философие я ІуэныкъуэкІэ нэсу щызэпкърыхащ. Бэрбэчым а лэжьыгъэхэм кьыщигъэльагъуахэм ящыщщ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухъэ щІыкІэрэ. ЩІэныгъэлІым нэсу зэпкърихащ а зэгухъэныгъэм и лъэныкъуэ псори.

Бэрбэчым фІыуэ ищІэрт лъэпкъ зэхэщІыкІым зегъэужьын, псэукІэр ефІэкІуэн, политикэ, жылагъуэ Іуэхуэхэр зэфІэхын папщІэ естественнэ щІэныгъэхэр джын зэрыхуейр. Абы ваеми хуэмыдэжу кьыгурыІуэрт щІэныгъэхэмкІэ техникэ революцэм и лъэныкъуэ ин теллигенцэ зимыІэ лъэпкъыр зызыужь дунейм зэрыдемыкІуэкІыфынур, щІыналъэ зыгъэзэщІэфын университет кьызэгъэпэщын зэрыхуейр.

1964 гъэм ХьэтІутІэ КъБКъУ-м кьыщызэІуех химиемкІэ факультет. Абдеж кьыщохьэ ди республикэм а щІэныгъэм зыщиужьын. Университетыр илъэси 10 щрикъум ирихьэлІэу абы щылажьэрт химиемкІэ кафедритІ. 1956 гъэм елытауи щІэныгъэлІэхэм я бжыгъэм 5-кІэ хэхуат. 1975 гъэм химиемкІэ кафедрэм щІэныгъэхэм я кандидату 25-рэ щыІэт. Иджыпсту университетым химиемкІэ иІэ кафедрэхэм нэхъри заужьащ, абыхэм щылажьэ щІэныгъэлІэхэм я бжыгъэми хэпщІыкІыу хэхъуащ.

ЕтІанэгъэ илъэс 85-рэ ирикъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ еджапІэ нэхъыщхьэр - 1932 гъэм факультети 3 иІэу, студенти 100 щеджэу, егъэджакІуэ 13 щылажьэу щыта педагогикэ институтыр. Нобэрей университетым и факультетхэми, институтхэми, аспирантурэхэми, докторантурэхэми, диссертацэхэр щыпхагъэхьэ и советхэми хэпщІыкІыу заужьащ, хэхъуащ. ЕджапІэ нэхъыщхьэм щолажьэ сабий эчиифІэхэм папщІэ лицей щыхьэуэ, абы щыІэщ Интернет центр лъэщ, компьютер зыщІэт пэшхэр щыкуэдщ. ЩІэныгъэ зэмыІэужьыгъуэхэм я кандидатрэ докторуу университетым щылажьэхэр щэ бжыгъэ мэхъу. Зы илъэси кьэмынэу КъБКъУ-м кьыщІегъэкІ Іэщіагъэлі минхэм: егъэджакІуэхэми, агрономхэми, зоотехникэми, инженерхэми, дохутырхэми, нэгъуэщІхэми.

ШУРДЫМ Гъэзэлий,
химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.
2019 гъэ

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

ЩІэныгъэмрэ гулъытэмрэ

**Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэр цІыху мин 12-м щІыгъуркъым. Ди лъэпкъэгъуэм нэхъыбэу ущыгрихьэлІэр Нью-Джерси, Калифорние щІынальэхэрщ. Зыкъс лъэпкъыбзэм сыт щыгъуи къахэщ адыгэхэр дапщэщи щапхъэу къахьы, я цІэр фІыкІэ къраІуэу, пщэрылъ къыщыдэкІыгъэ имыІэу зэрагъэзащІэм, Іэнатіэу зыпэрагъэувэм гу къабзэ-псэ къабзэкІэ зэрыбгъэдэтым, сыт хуэдэ Іуэхури ныкъуэ зэрамыщІым ныхэкІыу пщІэ къыхуащІу мэпсэу. Америкэм ис адыгэхэм къахэкІащ егъэджакІуэхэр, дохутырхэр, къэрал къулыкъущІэхэр, хабзэхъумэхэр, нэгъуэщІ куэди. Дэнэ щыІэми, адыгэхэр Іуэхум хуэзыжьщ, жылагъуэ лэжьыгъэми жану хэтщ зыхэзрагъэлъагъуэр. Къэплъэ нэхъыр къыплъ, жаІэ. Хамэ лъэпкъэм къыхуащІ пщІэм кІэрымыхуу, къафІэпІыкІыу зэрыщытым ди лъэпкъэгъуэм я пщэ къалэн тІуащІэ къыделъхъэ: ахэр зыхуэсакъым хуейр гуащІэдэкІ хьэлэлым и закъуэкъым, атІэ къащІэхъуэ щІэблэм ират гъэсэныгъэми бгъэдалъхьэ щІэныгъэми я нэІэ тетын, «адыгэм хамэ бын иІэкъым» гупсысэм иригъэзэн хуейщ.

АБЫ и лъэныкъуэкІэ 2005 гъэм щегъэжьауэ Нью-Джерси щІынальэм къыщІэзрагъэпэщащ «Адыгэ щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэ Іуэхуэхмкіэ фондым» иригъэкІуэкІ лэжьыгъэшхэр гъэщІагъэныгъэм. Америкэм ущеджэнри Іэщ1агъэ щІыззбгъэгъуэтынри кІэзэрымыкІуэу гугъущ. Іэщ1агъэ е щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт егъажпІэ ущІэтІысхьэныр хьэлъэ зыщІыр экзаменхэм я закъуэкъым, еджапщІэри лъапІэ дыдэщ. Псалъэм папщІэ, юрист Іэщ1агъэ зэбгъэгъуэтыну ухуеймэ, ику иту доллар мин щІ ныкъуэ, дохутыру уеджэнымэ - доллар мин плІыщІ щІэптын хуей хъунущ. Къалэжьыр зэрагъэзэхуэу псэу адыгэ унагъуэ къыззрыгуэкІхэм ар ятохьэлъэ, зыхуэзэфІэмыкІынри мащІэкъым. Мис мы Іуэху мыщхьэпэр Іэщ1ыщ ящІын, адыгэ ныбжьыщІэхэр щІэныгъэншэ-лажьапІэншэ мыхъун папщІэщ фондыр къыщІызэрагъэпэщам и лъабжьэ щІэлъ гупсысэр къззыгъэщІари.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ мы гукъэкІыр зейхэм ящыщщ Америкэм щыпсэу адыгэхэми, абы щеджэн-щылэжьэн гуращхІэ кІуа ди лъэпкъэгъуэхми ятемыпІкъуэкІыну сыт щыгъуи я Іуэху щыгъуазэ зыхуэзыщІ ди лъэпкъэгъу емышыжьэу Нью-Джерси щІынальэм щыпсэу дохутырхэу Шапсыгъ Ридуан, Хьэвэ Зиуар, Къаэкъиш Фарукъ, Барэсбий Къахьтэн, Мэжаджэ Кушбий сымэ. ФІы щІэным хуэщІауэ псэу мы щІалэхэр, зэрыгурыІуэгъэщи, зэхуэзышар зы пщэрыльщ - щІэныгъэм и лъэныкъуэкІэ яч лъэбакъуэр адыгэ щІалэгъуалэм лъэпощхьэпоунШэ ящыщІыныр, а гъэзыгр ящыгъэпсынщІэныр.

НыбжьыщІэхэм зыщІагъэкъуэн гуращэр къыхалъхьэу акъылэгъу щыздэдхъум, зи щІэ кІитІуа щІалэхэм Фонд къызэрагъэпэщащ, я лэжьапщІэм къыхагъэкІыр абы щыззхуэхьэсу. Аръшэр абы нэхъ хуэныкъуэ къалъытэ унагъуэм хуагъэфащэрти, а щІыкІэм тету ежьакІуэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъурт. КъыхэбгъэщІыну хуэфащэу мыбы нэгъуэщІ зы гъэщІэгъуэн хэлъщ: еджэныгъэ Іуэхум щхьэкІэ лэжьапщІэм сом къыхэбгъэкІыну Фонд зэхэпщІэжа, къэралым щыпсэкІуэ хабзэм ипкъ иткІэ, улахуэм хьэкъулэ трилъхьэркъым, къабзэу къыует.

Илъэс 16 хъуаУэ Америкэм щылажьэ мы Фондым программэ зэмылІэужьыгъэм тету Іуэху ещІэ. Фондым и лэжьыгъэр зыубзыхуэ хабзэм къыззрихэщмкІэ, политикэ Іуэхуэхэм хьыхьркъым, къэралыгъуэм епхакъым, ахъшззэхэдзэрэ фІыщІэ Іыхьэ зэхэлъхьэкІэ лажьэу аращ. Ахъшэу зэхуахьэсыр зэрагъэшынум, ар зыпагъэкІуэну проектхэм я унафэр зыщІыр Фондым и ГъэззщІакІуэ гупырщ. Абы хохьэ цІыхуий - Нью-Йорк и Бронкс сымаджэщым урологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ, Корнель университетым и профессор Шапсыгъ Ридуан, спорт медицинэмкІэ дохутыр, нейрофизиолог Уджьихьу Елдар, фошыгъу зэхэмкІэ дохутыр, эндокринолог СтІащ Самир, биологие щІэныгъэхэм я кандидат, хущхъуэ щапІэм и унафэщІ Пархт Риммэ, сатуущІэхэу Барэсбий Къахьтэн, Курмэн Сухьэ, Мэжаджэ Кушбий, уэчыл ТІаМжьыкъуэ Іэдэм сымэ. Фондым и пашэри, и мылъкур зэрызэрахьэ щІыкІэм кІэлъыплъри, ар ззэыгъэзахуэ бухгалтерри пІалъэ пыуухьІам тету яхьэуж. Тхьэмадэм и пащэрылъхэр дэтхэнэми зэрыхуэгъэзэщІэнур, а Іэнатіэр зы цІыхум и цІэм епхауэ щымытмэ зэрынэхъыфІыр Фондым хэт дэтхэнэми здэадта Іуэху бгъэдыхьэкІащ.

Иужьрей илъэсым Фондым и тхьэмадэр ТІаМжьыкъуэ Іэдэмщ. Мы щІалэр уэчылщ. Езым къыззрихигъэщымкІэ, ар еджапІэ щІэтІысхьэныр, еджапщІэр итыныр иджыпсту зи пашэ хьуа Фондым и фІыщІэщ. Иджы езым лэжьыгъэ иІэ хъуащи, кьилэжьым мылъку хегъэкІри, Фондым хелъхьэ, зэгуэр зыкъыщІэзыгъэкъуауэ щыта псапащІэ гупым ящыщ хьуауэ. Іэдэм Коннектикут щІынальэм щопсэу, абы щолажьэ.

Фондым и лэжьыгъэр щызэтраубла япэ махуэхэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым абы хэт, еши псэхуи имыщІэу и лэжьыгъэм зи Іыхьэ хэзылъхьэ, мызэ-мытІэу и тхьэмадэу тета Шапсыгъ Ридуан зэрыжиІэмкІэ, Іуэху зытращІыкІ проектхэм ящыщ адыгэ унагъуэхэм къихуэу сабийхэм я еджэныгъэм ипэ къихуэу хэзгъэтІылъэныр. Сабийм и ныбжьыр илъэсих мыхъу щІыкІэ адэ-анэм банкым ахъшэ хилъхьэмэ, Фондым апхуэдиз хухеГъэхъуэж. ИнтервестицэкІэ зэджэ мы программэм ипкъ иткІэ, банкым адэ-анэм халъхьэн хуей ахъшэр дуллар миным хьэк, ар зыхуохалъхьа сабийм и ныбжьыр илъэс 18 хъуукІи еІуси къыхахи хъунукъым, къыщыхяхьыжкІи зытрагъэкІуэдэн хуейр сабийм и еджэныгъэращ. Илъэс 16-м и кІуэцІкІэ мы программэм апхуэдиз щІыкІэкІэ доллар мин хьыщІ халъхьа хъуащ.

СтІащ Самир

Зи гугъу тщІа Іуэхугъуэм къыщынэмыщІауэ, Фондым и цІэкІэ стипендиехэр зэрат программи щыІэщ. Доллар мин, минрэ ныкъуэрэ, минитІ хъууэ, щхьэж и зэфІэкІрэ и лъэкІыныгъэ елъытауэ, стипендиехэр я. А стипендиер кьахьыи папщІэ студентхэр Фондым къызэрагъэпэщ зэхъэзэхуэм хьхьэн хуейщ. Зэныкъэкъуэм хэтыну гупыж зыщІа студентхэм пагъэувыну зы Іуэху захъуэщ: ФІыуэ ед1эжн, къохутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІын хуейщ. Мыбдеж къыхэгъэщІын хуейщ зи гугъу тщІы къэхутэныгъэхэм адыгэ Іуэхум теухуахэзэрахэтым. Лъэпкъым и тхыдэм, и щэнхабзэм хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр Фондым ипэ ирегъэщ.

СтІащ Самир зэрыжиІэмкІэ, Фондыр зэрылажьэ илъэс 16-м къриубыдэу доллар мин щІыбыи щІигъу стипендие 650-рэ ягъэшащ. Ахъшэр зэратыр колледж е университет щІэтІысхьауэ щеджэ студентхэращ. ЕджапІэм щІэсхьункІэ димыгъэхуу зэхьэзэхуэхэм хьихьэурэ стипендиер къэзыхьыфа адыгэ ныбжьыщІэ жанхэр щыІэщ.

«Нью-Джерси щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэрэ хэтщ ди Іуэхум. Ди программэхэм я фІагъ адыгэ щІалэгъуалэм зэрекІыр яльэгъуащІ, дзыхь къытхуащІ, ахъшззэхэдзэм жану къыхьыхьэ хъуащ. «ЗэдзщІэ щІэжщІ, зэдзшхэ Іэфщ», жаІэ адыгэхэм, апхуэдэу дызэрызэкъуэувэфар, ди щІэблэм и къэкІуэнур псоми ди зэхуэдэ Іуэхуэшхуэу зэрыщытыр къызыгурыІуэм я бжьгъэм кІуэ пэтми зэрыхэхьэрэм дегъэгушхуэ, тщІэну дызыщІэхъуэпсэхэм ятещІыхьа программэхэм я зэхэгъэувэным дрегъэгупсыс», - жеІэ Барэсбий Къахьтэн.

Фондым и стипендиер зыхуагъэфащэхэм я цІэхэр хабзэ хъуауэ махуэщІ зэхьхьэхэм къыщыдаІуэ, а щІыкІэм тетуи ягъэгушхуэ, яІэт. Адыгэм дунейм щыщІэрыІуэ уэрэджьыІакІуэхэр, къэфакІуэ гупхэр ирагъэблагъэурэ ныбжьыщІэхэм я цІэкІэ концертышхуэхэр ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэ зэхьхьэхэм къримыхьэлІэ Америкэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм щІагъуэ къахэкІыркъым, концертым щІыхьэпщІэу къыхэкІри Фондым макІуэ.

Нэгъабэ пандемием и ягъэкІэ апхуэдэ зэІущІэр ирамыгъэкІуэкІыфами, стипендие тыныр зэпыуахьым. Мы гъэм стипендиер цІыху 26-м хуагъэфэщащ. Дунейм зэщІэзыщта узыфэм цІыхуэхэр зэхьхьэну Іэмал къаримыта пэтми, иджырей технологием и Іэмалхэр халъхьэкІэрэ Фондым студентхэм я ГъэфІэж пшыхь дахэр интернеткІэ кьызэрагъэпэщат. Абы хэтат Адыгэ Республикэм и «Налмэс» хэрал академическэ къэфакІуэ гупыр, «Бзэрабзэ» и уэрэджьыІакІуэ гупыр, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артистхэу ПІыбзыу Аслъэнрэ Апэнэс Астемырррэ, пшынауэ Джямыкъуэ Тамбий сымэ.

Интернетым и Іэмалхэр къагъэІэгъуэкІэрэ мыпхуэдэ зэІущІэхэр зэращІым и фІагъи къэкІуэну къалъытэ Фондым и лэжьакІуэхэм. Къэрал зыбжанэм щыпсэу адыгэхэр зэрыпІагъуну, еджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ зэІущІэхэр зэрыщІыну, гупнапкъэхэр зэІуигъэкІуэну адыгэ нэхьыбэм ящІэзысыну Іэмал къыует. Зэрыхъури арагъэнущ, Уджьихьу Елдар къыззрихигъэщамкІэ, Фондым и лэжьыгъэм зригъэбгъуну хэтщ, Америкэм щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм къищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ныбжьыщІэхэми ятІэпсэныу ягу иІущ.

Адыгэм ауэ сытми жиІакъым «ЩІэныгъэр мылъкущ» жиІэу. Зи зэхэщІыкІыр лъагэ, акъыл жан зиІэ, дунейм и пІалъэм щыгъуазэ зыхуэзыщІ щыхум сыт щыгъуи пщІэ иІэу, утыкуми ирату къэкІуэкІащ. Иджырей дунейм щІэныгъэм гупытэ хэха хуещІ, еджэным, ІэщІагъэ зэгъэгъуэтыным мыхьэнэшхуи ирет. Я нэхъ мащІэу бзитІ-щы щызрагъащІэ, Іэщ1агъитІ-щы щызрагъэгъуэт нобэрей щыІэкІэм адыгэр хэпсэукІыну хуеймэ, иІэр зы гъэгугъу: щІэныгъэр мылъкуу къильытэн хуейщ. А гупысысэр кІуэ пэтми адыгэ акъылым тепщэ зэрыщыхъуэм укІэльпльынир гуапэщ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

(КІэлъыкІуэр. ПщІэдзэр 2020 гъэм и №№ 125 - 130-хэм, 2021 гъэм и №№2 - 4, 6, 8, 11, 12, 17-хэм итщ).

МАШІЭ игъащІэм къыІэрихьатэкъым зэрыщыту езым теухуауэ къыфІэщІ апхуэдэ тхыгъэ. Махуэ къэс сабийхэм я пащхьэм тхьлъ Іэщ1эльу иувэ егъэджакІуэм япэу кьеджэжкІэ зригъэщІам хуэдэт, апхуэдизкІэ и гум пхыкІат полым кьрита тхьэлъэІури. И нэр тхьлъымпІэ напэм къытрихыныр и гум имыдэу, хьыджэбзыр и закъуэ къэна нэужьи и пІэм ижьыхьауэ итащ зыкъомрэ, итІанэ къуэрзэнапІэм къэзтІысхьэри, гурэ псэкІэ Хьисэ лъапІэм зыхуигъэзащ. Тхьэмэ - тхьэщ, бегъымбармэ - бегъымбарщ, щІыхуфІу дунейм щытетакІэ, зыгуэр къыхуищІэнщ. Пэжьинкъым мыр зи дахагъ тхьэлъэІупІэм дзІэпІкъэгъу къыхуэхъун псэ щІэмытынкІэ.

Зызыхуигъазэр имыщІэу, игу къыпльпльадз псалъэхэмкІэ, зэрыригъаджэ урысыбзэмкІэ лъаІуэ Машэ и гулъытэр здэжэхэр гъэщІэгъэунт. Псори къъгъэнауэ, Марат и адыгэ акцентым и дыхьэшхьи къигъакІуэ зэпытт абы. Иджыпсту и псэм и къабзэапІэр къыззрилъхьуэжьи анэдэлъхубзэм къымыхъуэрихьуи псэуфынтэкъыщІ. Зэджэм и цІэри, и щытыкІэри имыщІэу, езы урысыбзэм здишэмкІэ макІуэ. Зэгуэр псалъэ псори тхьэлъэІуу щытагъэнщ. Ар мыпэжмэ, сыт лъэпкъ къэс бзэ щхьэхуэ щІратар? Тхьэм и цІэр диныбзэкІэ къипІуэмэ, уэзэихьу, ар умыщІэмэ, и щІыб къыпхуихьаэ нэхъей? Пэжьинкъым ар! Хьэмэрэ ерыщу сыщцелъэІум деж си лъэІур здыиэсыпхъэм нэсу, сельэІуну си акъыл схуримыкъымэ, е езымыкуфмэ, сыкъыкІэмыІуэхуу? Ари пцІыщ. Сэ селъэІуну сигу къэмыкІщыкІэ, сыкъэзэгъэщІам бзэ кьэзэрыслурилъхьам кьикІынкІэ хъунур зыщ: Езым сызэрыуэзныкъуэнум шэч хэлътэкъым, арыхъэу сигу илъыр кьыскуэпсэлъэ закъуэмэ, ар нэхъыфІ дыдэу сщІэ бзэмкІэ псалъэм схуигъэзэгъэхэмэ, жысІэр занщІэу зэхихьи хуэдэу сызэтриухуащ. Анэдэлъхубзэращ си тхьэлъэІум дамэ хуэхъунур, седжауэ щІэныгъэ збгъэдэлъми хьэрф кьыскхуимытхъэми, тхьэлъэІубзэ сщІэми сымыщІэми, сыщІыхуЕми сыцІыху Іейми. ЗыхэсщІэм цІэ фІэсщыфын Іэзагъэр си псэм пыщІа си бзэм фІэкІа, зыми кьызитынкъым. Зыгуэр къыскхуэзэщІэфыну Заеуэм и гу зыльэбгъэтэн папщІи, анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъ ІэмэпсымэфІ згъуэтынукъым. Дауэ ухуейми, еджэ, - узэхихьнущ! Сыт хуейми, жыІэ, - кьыпхуищІэнущ! ЗыкъзэгъэщІыу, зэи сымыльэгъуауэ сифІ зезыхуэ ящхъу щхъу! Ухэт уэ? Сыхэт сэ? ДызэфІымыгъэкІуэд Уэрэ сэрэ!

Геленджик кьыщикІыжьам зэхуэпсэ пщэ хужьхэм ещхьку псынщІэ хъуат Машэ члисэм кьыщыщІэкІыжам, апхуэдизкІэ и псэр тыншыжатм. Тетыфыну пІэрэ псалъэ зритыжахэм? Тетыфынщ. Абы иджы кууу зыхещІэ езым и куэнщагъэхэри, Марат сэбэп зэрыхуэмыхъури. Зыхуимыгъэгусэу икІи зыхуэзэкІэщІимышу, зэрызэбгъэдэкІыжьпхъэр кьыгурИэтыну. Езым кьыгурыІуакІэщ нэгъуэщІу зэрымыхъунур. Попым жиІэ псор и фІэщ мыхъуами, и гупсысэм здиунэтІыпхъэмкІэ зэрызигъэзар Іупщ1ы.

Катеринэ и пхъум хуигъэува Іэнэр иуэздакІэт Машэ кьыщыщІыжьжам. Зыри кьыззрыримыгъэблэгъам щыгуфІыкІыжащ. ХьэгъуэлІыгъуэ нэхърэ нэхъыфІт ар нобэ здэщІыІар.

Іэнэр Іуэхьжу щхьэ и Іуэху зэрихуэну зэанззэпхъум пэш зырызым зыщІагуэшэжа нэужь, Машэ и телефоныр кьеуащ. Къэпсалъэр Андрейт. ЕджапІэм кьыдыщІэса майкъалэдэс урыс щІалэ. Кьехъуэхъун и мурадщи, зьэщІэ зыкІыхуищІыну мэлъаІуэ. КьеркІуэ. Иджыри гуваКъым. Машэ и лэгъунэм кьыщІэкІыжри, Іэнэр кьигъэщІэрэщІэжын щІидзащ.

3
Псори зэрыпсалъэр адыгэбзэт

Іэшрыі тъэвэгъуэм нартыкъ зэтеудамрэ шэмрэ я уасэр доуеИ. ИуэкъІэ удэу къыхэжьір нартыкъ хужьу кьыщІэкІрэ шэ уэзэх кьешхами, кьеежьынукъым. Абы ещхь хъуат Марат и лэжьэгъуэм я кьапхъэн гъэувыкІэр. ЛІыгъымхэ я дыуэщІым зэрыкІуэнум зыхуагъэхьэзырын ямыхуэыурэ, Щыхьым зэрыпсэуэр къэІуащ. ИтІани, загъэхьеин щІадзакІэти, къызэщІэзэгъэпІьа щхьэусыгъуэр зэрыщымыІэжьм хуэдэу, здежьам нэсыным хуцІеГъэжьфакъым. НэгъэщІ кІуапІэ щыІэу арат? Е зэкъуэту Марат ирахужьэ, е езыхэм я нэ вагъуэр яреГъэлъагъуж.

Щыхьым тезыр тралъхьэну Марат хигъэзыхьа щІалилпІрат аэхр: уэчылу щыта Іэмыр, оперативник Рустам, прокурор Жырасльэн, следователь Батыр сымэ. ХеящІэ урыс бзыльхъэгъэ зыми щыгъуаэзэгъкъым.

УзэгурыІуэныр тыншт, бзэгузэкъэ къыпхэмыкІыну пщІэмэ. Зым адрейм хуищІ дзыхьым гурыщхъуэри кІэрыщІат. Марат - Маратт, аэхр зэрызэкъуиудын Іэмалым хуэмыІэрыхуэмэ? КьылкъуущІэхэм зыгуэр щызэпаубыдым деж, зыщыгугъыр е къэрал хабзэрщ, е а хабзэм ебэкъуэфэхрщ. Марат хуэдэ закъуэтІакъуэхэрщ а лъэныкъуитІым и зэхуакум дэтыфІр. Апхуэдэжэм хабзэми я фейдэ хах, абы укъызэрыпекІуэкІынури ящІэ. ЗыгуэркІэ кьыщыхъэзэзыхь къэхъумэ, утыку зэрит фащэм бжьыгъэ кьрамынэну яхуэзэфІокІ. КьафыщІощІауэ кьы-щыпфІэщыщІем дежи, я кьунтхым фІэлъ хьэмбылур яхьэужу аркъуфейщ. Дышцы дыщэ бдзэжьейми зыхагъэхІыжьи я хьэлъкъым.

Пэжьми щхьэукъуэкІэ щыгъупщэжауэ щхьэкуцІыр зэрекуэ. ЗеГъэшынэ, уегъэгузавэ, укъеГъэгугъэ, уегъэбэлэрыгъ.

Утрегъэгушхуэ! Арагъэнщ илъэс зыбгъупщІ хъуауэ Марат зэрызыбгъэдигъэхьэ хъудейм ирауэркъ щІалищымрэ абыкъэм нэхърэ илъэс зытхуэхкІэ нэхъыжь Жыраслъэнрэ абы и кьунтхъым зыкъыпагъэхун мурадыр щІаукъуэдиипар. Е улІэн е улІын! БампІэ зэтрихьахэр щахуэмыжьыжьым, Марат зыкърамыгъащІэу зэхуэзэри зэпсэльахэщ, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, кьалэ шхапІэхэм кьыщІэкІри, гъатхэ губгъуэм Іугъуэмэ зыщІыуа, дзасэм сфІэлъу дзп мафІэкІа гъэжьа мэлыл щІызэдашхащ.

Щыхьым лІауэ кьызэрыІуу, гужьейхэри, «зиуКІыжьыным ехулІэн» кьуаншагъэм иупхьфину щыІэ щІыхьэт псори яГъэпщкІун щІадзат ятпэщІыкІэ. АрщхьэкІэ лІа хуэдэр къэхъэжри, псорм кьагъэнжьам хъуну кьыщІэкІащ. ИтІани зэрыхьэзрий къэхъеям Марат зрапщІытыныгу ищІыІуати, къикІуэтыжьынр зым адрейм хуимыдзжу, ЛІыгъымым и къекІуэкІыкІар «къалэным и мардэм икІа» тезырым ирахуІнэр унафэу къащтэ иджы щІалиплІым.

Хэкіыпім я нэхъ тыншыр узэгъуЕгу министрым деж ущІыхьэу ухуэтхъэуэхьэжьнырт. «Уэ сыт абы апхуэдизэ щІыхэпщІыкІыр?» упщІэр къыззрыІунум ухуэхьэзыру. А мылым лъапІэгу техьэфын къахэкІакъым. Министрым и фІэщ хьунур Марат жиІэращ. Абы и урысыбзэри нэхъ хуэщІащ, дзыхьи къыхуещІ. Сытми, нэрылъагъуу загъэхъеищныр дзыкІыгъгъуэджщ. Ахэра зымыщІэр Марат и Іэр зрыкІыхьыр? УнафэщІэжьа хъэбар е гъэщІэн хуейр пэжщ, ауэ езыхэм я Іуэху кэмыльу, зэрыкьыщІэкІэ къащІа хуэдэу. КьулыкьущІэхэр щІыхьэкІуэр уи лъэужьыр щІыпхуэзгъэкІуэдыж телегрململырщ. Абы къыщІыщІадзэнщ. Дауэ? Зэкъэ къахуэгупсысар ипэкІэ я унафэщІым и бзэгузэхьэ «телегрململыр» езыхэм ящІэр кІэщІадзэуэрэ, ЛІыгъымхэ я кьуэр зэрымыщІэгъьалэр щІыхуфІ ия загъэзэнырщ. Хэт ищІэрэ, «СМИ-м къыззырадзам ипкъ иткІэ» жаІэу, кьралъэфэжьынкІи мэхъу. Арат я кьежьэкІэр Машэ иужьэгуа нэужьи, интернетым исхэм иужьрей махуэхэм зэІэпах Марат и хъыбархэм.

Зэрыгъэгушхуэжьэуэрэ, зым адрейм щыгъупщэжахэр игу къеГъэкІыж, тхьылъымпІэ гуэрхэр къыкІалъэфыжьхуэр трах, а псорр Замир хуэрагъэжь. Маратрэ Машэрэ зыхуэИ хуэзауэ зэрызагъэпсэхуэм, ещІ тІури зрызэкІуПсым инстагрململым ущеплІэныну ухуей? Ухуитщ! Абы Іэр ефэешхэ хэсу къызэрыфэм утригъэуну? Еплъ! Кьыкіууху, щахуэу, тхэуэ, еджэу, кьафэу, сурэт зытригъэзыну, машинэм итІысхьэу, кьыкІыу, шхэуэ, ефэу - иджы хуэдэу зэи цІэрыІуатэкъым Марат. Зызыхъуэжар зы закъуэт. Щьхьым и кьуэр нобэр кьызэдэсым цІыхуфІи цІыху Іеи зэфІыгъэ ухьгъэм и гъэфІэным и сурэтым итамэ, иджы бзаджэ кьызэрыгуэкІхэм бзаджэнаджэ дыдэ зэрыщІыпм псэ къахигъэхьжат. ЛІыгъуэм Марат игъэпщкІуари, кьидыгъуари, кьигъэпцІари, иригъэкІари, езыр зытхьэлэ пэтари, кьезэгъэлари, Іэщ1экІари зэрыб хьэрфхІэ кьэщІыпаэу интернетым зызыдиІуэнтІэф дурэшпІІэрэш къэс кьыщцкъуэхурт. Хэт аэ кьывжезыІэгъар адыгэр дыкІуэдыжьину?

Щыхьым лъэхъуэщым кьыдиса Хьэбас и судыр Ростов щащІри кьауТІыпщІжа кьудейщ. Зэран кьахуэхъу кьулыкьущІэ гуэр зрагъэжІаІэр «кьыІэщІэм щІэпхъаджагъэ зэрыхэмылъым кьыхжкІыу» яуэхящ. Марат ибзри идыжат а Іуэхур. Мы щІалиплІми Хьэбас ямыІэу хьунукъым. И бзэр ахъшэм кьызэритІатэр зы, Марат зыри кьызэрыримыщІэжьнир и фІэщ пхуэщІмэ, кьыгъаззэ зэрримыІэнур - тІу.

Утыку ихьапхъэу кьащцьхуэхэм тхыгъэ кьхъэзыщІыкІыр Замирщ. ЩІалиплІым ахъшэ зэхадзэри, тхьэмахуэ къэс абы улахуэ щэху ират. КъэгъэзІуапхъэ дэфтэрхэм я нэхъыбэр къезэхьэлІэр Іэмырщ. Рустам а тІур зэхуэмызэу зэпещІэ.

- И адэр сымаджэщым къыщІащышжакІэщ, - Іэмыр Рустам телефонкІэ йопсалъэ. - И хъыджэбзым урыс щІалэ гуэрым дэкІуэну зегъэхьэзыр. Ар дауэ кьыщыхьуну пІэрэ?

- Замир жесІэн ари? - щІоупщІэ Рустам.

- Зэкъэ - хьэуэ.

- Сыт узэжьэр?

- Машэ и псэпльхьэм теухуауэ зыри сиІэкъым. ИтІанэ дыцІэнтхъуэнри хэлъщ. ЩІегъэжьмэ-щэ? Новиков Андрей. Полицэм и майор. БгъуэтІамэ, зыплІьхьх. Урысщ, Майкьалэ кьудамэм и унафэщІщ. Кьудрэ зыщІыпІи зыщІмыІэжьэу, кьулыкьуклэ псынщІэу докІуэтей. Ар министрым бгъэдыхьэныгъ хуэн хуэдэу, хьыджэбзыр кьытхуэгъэгубжьамэ, дехьулІат.

- ИтІанэ-щэ?

- ИтІанэ езы Марат кьызыкІэлъыжьхьым и пащхьэ идукІауэ бжы. Министрым игу зырригъэхьын папщІэщ абы и адэр лъэхъуэщым щІрилъэфар. Апхуэдэфэ зэхуэдизкІэ зыгъэтІылъа фызыжьри жейркъым. ЖьыщІыгъэ къыфІихьыж хуэдэурэ шордакъым кьытоувэри къахоплъэ. Рустам и машинэр щилъагькІэ, и гур мэпсэхуэ - хабзэр и телъхьащ.

Телефоныр кьоуэ. Къэпсалъэр Іэмырщ.

- Къэдалуэ, щІалэфІ. Унэ зехьэпщІэ кьыпхуэзгъуэтащ. Къэрал Іуэхущ.

- Сынодаіуэ.

- Иджыпсту Бжейкьалэ дежьащ щІалэ гуэр гъэзгум кьыщытехьэжьнущ, мэракІуащхэ къикІыжу. Дэ ди мэракІуэр езыращ. ЗигъэІуну хуейщи, дыдэмыІэпыкъуэ ядэркъым. Ар упафэшхуэщ, умыбзэлэрыгъ. Хьэбасрэ абы и ныбжьэгъу куржы щІалэжьымрэ щцьхьэту къызэдэщтэ. Зыгуэр тІэкІу и машинэм кьыщыбгъуэтмэ, аращ, Тутыни аркъэм ефэрсым, я фІэщ пщІыну гугъу хьунущ, хуэсакъ. Пхузгъэшынэмэ, угурыІуэнри хэлъщ.

- Берд здэсшэ хъуну?

- Хэт хухуейми, здэшэ. Ауэ, кьыжжІакъым жыІэ, лъэужь кьыумыгъанэ.

- Еджэрэ? Лажьэрэ? Сыт хуэдэ-зэ сьэзрепсэлъэнур?

- ЩІакъхуэ егъажьэ жеІэри итщ. Ауэ Нэшыдж еджащ, жи, кьызжІакъым жумыІэж. Дин зэрихьэркъым, хьуэ. УрысыбзэкІэ епсалъэ, адыгэбзэ тІэкІу кьыхэбгъахуэми хъунущ, ныкъуэкъуэн щІидзэмэ. Адыгэ джанэ щыгъмэ, ущымыдыхьэшх, мусЛъымэн шухэм зыкъъадзмэ, укъэсыжащ, абыхэм жьэ яІэщ иджыпсту.

- Марат щыгъуазэ?

- Аращ зи унафэр. Гурыщхъуэ кьъпхуищІ хъунукъым, еужьэрэкІ.

- СокІуэ.

Рустам отделым Іухьэжри, гъэзгу кьытеувэжа щІалэм и ныбжьи ирилъхьну кьэлътмакъыр зэкІуэцІилъхьащ. Сытуи мэ Іей мыр. ЛэжьапІэ пэшым кьыдыщІэс Берд кьызидищтэрэ, Бжейкьалэ мэзым хэтІысхьауэ, Іэмыр зи гугъу ищІа машинэ хуэв щІыкІуэр кьыкъуэкІынным поплъэ. Зы сьхьэт нЫкъуэ нэхърэ нэхъыбэ дэкІагъэтэкъым, игъэхъур гъэзгум кьыщытеувам.

КьагъэувыІащ. Илъэс щащІ зи ныбжьыш щІалэ сырыкъ кІыхьсолэ. Гупыжь Алим. ЗэрызэгурыІуам тету, Бердрэ Рустамрэ щІым ягъэгъуэлъа щІалэм и нэзэрыхьэм я кІэрахъуэхэр трауБдауэ, Іуэхур зыІутыр кьыгурагъаІуэ:

- Алим, си кьуэш, - жеІэ Берд. - Сэ щІэн сІэ зэрызумыхьэлІэр, тутын кьудей уэзремыфэри сощІэ. Ауэ уэри сэри ди нэ вагъуэ дзэзыгъэльагъужьрыну гуэркэр кьыпхуэарзэзыкъыми, удгъэтІысу хуэдэу зыдмыщу хъунукъым. Узахуэ-укъуанШэ Іуэхум хэтыжьжъым. Иджьпсту «шыгу» зэпхьэлІэу укъежьжэ хуэдэу, зыгуэркэр пщытщІэлъынущ, кьэнар уи машинэм итлъхьэнурэ кьэдгъуэтыжьнущ. Умыгужьей, си кьуэш цІыкІу. Алыхьым кьыпхуимыкуэ кьыпщыщІынукъым, аращи, умыныкъуакъуэу, дыгъэлажьэ. Дэри дащыщщ уэ зи Іуэху зепхуэ адыгэхэм, унагъуэ кьытщогугъ. Уэ ущІалэжьщ, лъэпкъым щхьэкІэ пщІэр пщІэуэ, дэІэпыкъуэгъуншэу укъагъэнэнкъым. Мазэ зы-тІу уисыхуэ укъащІыкнущ. Уэри цІэрыІуэ ухъун щхьэкІэхъэ утыкум ущІилъэдар? НтІа, дэ пщІэнщэу цІэрыІуэ удощІ, уэ зэран укъытхуэхъуркъым, дызэгурыІуа?

ИгъащІэм и нэкІэ щІэн илъэгъуа къыщІэкІынтэкъым а щІалэм. Ауэ зыри жиІакъым. Пхуэмыфащэ къозыщІэр уи анэдэлъхубзэкІэ къыщоласэм дех бзагуэ уохъу жаІэ.

- Мыр адыгэкъэ, - жьпІэнщ, си кьуэшыжь. - Берд лей зэрихьэ кьудейкІэ игу зэгъэнутэкъым, ар зэрыпсапэр уи фІэщ имыщІмэ. - Папэ, телефоныщІэ кьытхуэщэку, - жаІэри, адыгищ щІэсщ си унэм, махуэ къэс гъэшхэн хуейуэ. Уэ пьэпкъыфІ укъыхэкІащ, гъэнылхэр куэдым тогушхуэ иджыпсту, зыІугэру укъыхашынщ. Дэ мы узижагъэныр зи махуэм демыдаІуэмэ, фызым пьэпкІэ дыкІэрихуэкІыу пщІантІэм дыдэсынуращ, губгъэн кьытхуумыщІ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

ЧЭРИМ Марианнэ

Ды иримыкъу

Роман. Ещанэ Іыхьэ

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Щіэныгъэ

Аргуэру щІэ халъхьэ

Ди классым щІэсащ «В лесу родилась ёлочка»уэрэдым и макъамэр къэзымыубыдыф, уеблэмэ езым зэрыжиІэ щІыкІэр нэхъ гугъут, ауэ сыт епщІэнт, апхуэдуг зэрыдзэхихыр. Мыр сигу къэзыгъэкІыжар ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэм къыхилъхьа Іуэхухэращ. Абы и унафэм къыщыгъэлъэгъуащ сурэт щІыныбмкІэ, физкультурэмкІэ, макъамэмкІэ дерсхэм щхьэкІэ дяпэкІэ оценкэ ямыгъэувыну, «зачтено» псалъэмкІэ ар зэрахъуэкІыну.

КЪЫЗЭРЫМЫКІУЭУ куэдым згу ирихьыкнущ ар, псынщІэу мыжэф, уэрэд жызымыІэф, сурэт зымыщІыф сабийхэр зэрымымащІэм тепщІыхьмэ. КъызэрыщІэздзаращи, уэрэд жызымыІэфым сыт тІу е щы хуэбгъэувкІи, сурэт щІынри апхуэдабзэщ - ахэр цІыхум хэлъу кьалъх е а псом и пэр хущытхащ. Мы унафэм зыщ сигу иримыхьауэ хэлъыр - оценкэхэм къыгтенэжыными «зачтено»-м хуэкІуэнуми щІынальэхэр я тхьэ зэрелъщ. Ы хэгъэгуи щыІэкъым я щІэблэр нэхъ лейуэ зыгуэрым кьыхуигъащІауэ, апхуэдэу щыщІткІэ, псори а зэхъуэкІыныгъэм хуэкІуэн хуейуэ хуагъэувыныр нэхъ тэмэму кьыщІэкІынт.

ЩІэуэ еджапІэхэм я лэжьакІэм къыхьыхьэнуэм ящыщІ аттестатхэм дяпэкІэ QR-код зэрыстегынур. Курыт еджапІэр къызэриухам щыхьэт техьуэ аттестат нэпцІ ямыщэным, цІыхум къимыщэхунм зэрыпэщІэтын Іэмалу къагупсысауэ аращ, икІи школыр къэзыух псоми я унэцІэр,зыщыщыр, зыщеджар къыщагъэтыфынущ «Федеральный реестр сведений о документах об образовании» жьхуиІэм.

Зы илъэс хъуауэ сабийхэр щэщІауэ еджэфыркъым уз зэрыщІалэм и эрранкІэ. Ар кьалъытауэ, 11-нэ классыр къэзыуххэм ящыщу ищхьэ еджапІэ щІэмыгІыхьхьэнухэм ЕГЭ-м и пІэкІэ Къэрал экзамен ятынущ (ГВЭ). Ар нэхъ зэщхьыр контрольнэ лэжьыгъэращ, еджакІуэм къигъэльэгъуа щІэныгъэр баллитхукІэ кьапщытэнущ. Экзаменыр ятынущ нак»ыгъэм и 25 - 28 махуэхэм. Экзаменыр зэратар езы щІыналъэращ къыщапщытэнури, аттестатри зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкІыу къратыжынущ. Ауэ, зэрыжьтІащи, мы аттестатымкІэ еджапІэ нэхъыщхьэ ущІэтІысхьэфынукъым, абы щхьэкІэ ЕГЭ птын хуейщ. Ижьрейм мы гъэм игуэта зэхъуэкІыныгъэр: урысыбзэмкІэ ЕГЭ-р тэмэму зыгар математикэм «кьыпихамэ», абы щхьэкІэ кьамыгъанэу аттестатыр къратынущ.

Ебгъуанэ классыр къэзыуххэм урысыбзэмрэ математикэмрэ ятынущ. Зы илъэс ипэкІэ езыхэм кьыхаха дерсымкІэ экзамен яту зэрыщытар мы гъэм контрольнэ лэжьыгъэкІэ зэрахъуэкІащ.

«Дыщэ медалым» хуеІэхэм ар къаІэрыхьэн папщІэ 10 - 11-нэ классхэм «тху» зэщІэкІэ щеджауэ, урысыбзэмкІэ ЕГЭ-р балл 70 и кІэ ямыкІуэу ятауэ, езыхэм кьыхаха дерсхэми арэзы укъащІу пІэльэщауэ щытын хуейщ.ГВЭ щІыкІэм тету экзаменэм итыну тезыухуэм урысыбзэмрэ математикэмрэкІэ «тху» къимыкІыу хъунукъым.

● Фщіэн папщіэ

КъыкІэлъакІухьын хуэмейуэ

Къеузым елъытауэ ныкъуэдыкъуагъ зыхуагъэува цІыхум иІэсым зэ медицинэ дэфтэрэхр щІэрыщІэу зэригъэпэщыжын хуейщ (анализ,н. къ. эффигъэкІыу). Уз зэрыщІалэр къызэрежьэрэ езы сымаджэм къыкІэльымыкІухьу ныкъуэдыкъуэу къалъытэнщ эффІокІ, ар зи нэІэ щІэт дохутырым игъэхъэзыра дэфтэрхэр Медико-социальнэ экспертизэмкІэ бюром яІэрегъэхъэри. Къапщтэмэ, дохутырми абы къыкІэлъыкІуэрыкъым электрон Іэмалкіэ дэфтэрхэр зэІэпах зэрыхъурэ.

НЫКЪУЭДЫКЪУАГЪ ящэу зыхуагъэув е и пІалъэр икІауэ ар зыхуагъэкІуэтэн хуей цІыхум абы къыкІэлъымыкІуэу и Іуэхур зэфІагъэкІ зэрыхъуам адэкІи пащэнущ. А унафэм Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщіым. Зэкіэ жэпэгъуэм и 1-м яГъэкІуэтащ, ауэ уз зэрыщІалэр кІуэдыжмки, апхуэдэ лэжьыгъэм къытенэну къыщІэкІынущ, ар дохутырхэмкІи сымаджэхэмкІи нэхъ тынщи. Ныкъуэдыкъуагъым и пІалъэм къинэмыщІауэ, зыкъралыр сымаджэм зэрыдэІэпыкъу (санаторэм игъэкІуэнуми, пенсэ иритынуми, апхуэдэжэм ятещІыхьа машинэкІэ хуэупсэнуми) Іуэху псори электроннэ Іэмалымкіэ зэфІахынущ.

● Мысыр

Къэралыр къайзэвэкІрэ?

Мысырым (Египтым) и президент Абдель Фаттах ас-Сиси и хэкуэгъуэхэр къыхуредж сабиитІ нэхъыбэ къэмылъхуну. ЦІыху мелуани 100 зэрыс къэралым илъэс къэс къыхохъуэ сабий мелуанитІым щІигъу.

ПРЕЗИДЕНТым кьелъытэ, апхуэдэурэ кІуэмэ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ я мурадхэр зэхуэмыгъэхъуфынму, цІыхуцхьэмрэ къэралым и къигъэхуэпІэмрэ зэпэщэчэу щытын хуейуэ. Абы къыхигъэщащ хабзэ ткІий яГъэувыну зэрыхэмыкІыр, бынитІ нэхъыбэ унагъуэм имыІэным тезыгъэгушхуэн программэм зэрелжьхьэр.

ЖыпІэнымэ, иджыкъым мы псалъэмакъыр кьэщцежьар. Хосни Мубарак щыпрезидентам ар и унафэщІу щытащ унагъуэм и цІыху бжыгъэр зыхуэдизынум епха Іуэхухэр зыубзыху Лъэпкъ советым. ГъэщІэгъуэнращи, а советым игъэбелджылы Іуэхухэм текІуэдэнур кьэзытыр КъухьэпІэм щыщ къэралхэрат. АрщхьэкІэ кьыкІаІакъым: 1986 - 2017 гъэхэм кьриубыдэу къэралым и цІыху бжыгъэр хуэдитІкІэ хэхъуащ, мелуан 48,3-м кьыщыщІэдзауэ 94,8-м нэс.

Тетыгъуэр зейхэм кьрахьэжьэжа Іуэхур исльамыр щадж аль-Азхар университет цІэрыІуэми кьыдиІыгъащ. Абы щезыгъаджэхэм кьызэралытэмкІэ, бын бжыгъэр зыхуэдизыр хуейм кьэралым и псалъэ хилъхьэнри динми хабзэми пащІэуэрэкъым, уеблэмэ мы университетымрэ ООН-мрэ 1937 гъэм программэ кьызэдащтауэ щытащ «ТІур ирикъунц» кьыхуеджэныгъэм щІэту.

Мы кьыхуеджэныгъэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар унагъуэ кьулейсысыхэращ, апхуэдэхэм яхэтхьэм бынищ нэхъ мащІэ зиІэ. Президентым хабзэ ткІий кьамыщтэну щыжиІэкІэ, бынитІымкІэ къэувыІэм къэралыр зэрыдзІэпыкъуну щІыкІэр ахэр кьулейсысыгъэм кьыхэзыщІ Іуэхугъуэ щытын хуейщ. НэгъуэщІкІэ кьыпхуэгъэдэІуэну кьыщІэкІынкъым быным фІэкІа гурыфІыгъуэ зимыІэхэр.

Зы пІалъэкІэ Китайми щыхэбзащ унагъуэм зы бын фІэкІ хуамыдэнкІи. Иджы кьулей хуэщІи, тІури щыри ещэ. Мысырми хуэзфІэкІыну пІэрэ а гъэугуанэм ирикІуну?

Бын зимыІэр зы гуныкъуэгъуэщи, бын куэд зиІэр гуныкъуэгъуищащ, жиІащ адыгэм. Ди жагъуэ зэрыхъунущи, ди кьэралым и гуныкъуэгъуэщ и цІыхухэр зэрымащІэр. Унагъуэшхуэ хъуным тезыгъэгушхуэн программэ гуэрхэр щыІэми, щытыкІэм зихъуэжькрькъым. Абы и щхьэусыгуэуэ нэхъыщхьэри зауэхэмрэ реформэ нэмыщІысахэу кьрахьэжьэхэмрэ цІыхухэм я лъэр щІидуу кьызэрыгъуэгурыкІуарщ. Араущи, Мысырым мыльхъэным кьыщцыхураджэмэ, ди дежь бын гъэщІэгъуэ хъуным трагъэгушхуэн Іуэху щызэрахуэ. Дэтхэнэми и мурадыр зригъэжьІэнкІэ зэпльытар цІыхухэр кьызэрыдахьэхьфынэу Іэмалхэрщ.

Хьэ ухъуа?

● Мурадхэр

Налшык и уэрамхэм хьэ хьэулейхэр щыкъэдщ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІи, абыхэм иращІэнур ящІэркъым. Нэхъ тэмэму жыпІэнымэ, ящІэр, яфІэлъапІэщ мыхъумэ: щІы кІапэ кьахуэухъуреихьауэ, хьэхэмрэ джэдухэмрэ абы игъэзэгъэн хуейщ.

НАЛШЫК зоопаркым ей щІы кІапэм деж щащІат апхуэдэ, ноби абы хьэ бжыгъэ гуэр итщ, ауэ кьаззэрыхьмэхуэм къигъэпсэгъуэр кьалэ администрацэр зэрыхуэмыхьэзырырщ ахъшэфІ зытекІуэдзэну Іуэхум. Араущи, кьалэ уэрамым хьэ щыщцытхъэзэмэ, дэдзыкъу, гъуэз зимыІэр пщдджыжьым жьыуэ паркым кІуэну шынэу допсэу. Хьэхэр зэдзэкъам, уеблэмэ яшхьпам и хъыбар щІэх-цІэхыуэрэ щызэхтхкІэ, дауэ узэрымышынэнур?

Сыт хуэдэ унафэ дыпэпІы хъуну?

Иджыблагъэ УФ-м Хъуэныгъэмкіэ и министерствэм кьыгъэнэІуащ псэущхьэ Іыгъыпізм и проектыр зыхуэдэн хуейр. ЗэратхьмкІэ, мы зэманым ди кьралым щолажьэ приют 412-рэ. Ар мащІэ дыдэщ.

Министерствэм и проектым кьыщыгъэлъэгъуащ цІыхухэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ гущІэгъу хуаІэу, зыхуей хуагъаззу лэжьэфын папщІэ щІы Іыхьэ хуэхахыр зыхуэдизыпхъэр, щІыр зыхуэдизым елъытауэ абы щаІыгъкІыфыну псэущхьэ бжыгъэр, уз кьахьыхэу зэрымыцІэлэн папщІэ ящІэн хуейр. Іэщ дохутырым и ІуэхущІапІэ абы дэтынущ, псэущхьэ фІыуэ зыпльагъуэкр дагъэхьэнущ, хьэ е джэду кьищтэну гупыж ищІмэ, «хьэуэ» жраІэнукъым.

Мы документым сриплъати, щІэн хуейуэ кьагъэувыр лъапІэ Іуэ хъуну кьыщыхьэщ кьалэ, район щІыкІуэм я дежкІэ. Пса-лъэм папщІэ, псэущхьэхэр зэрысыну вольерхэр щагъэхьащэкІэ кьыщІэкІынущ псы фІейр зыми зэран хуэмыхьуну увыІэпІэ хуащІын хуейщ, приютхэм я хъуреягъыр жьыгрэ удзкІэ ягъэдзахэну я кьалэнщ, мафІэсым щызыхьуэмэну Іэмэпсымэхэри ямыІэу ядэнукъым. Иджыри куэд дэщІыгъуэжьфынущ, ауэ, пэжыр жыпІэнумэ, абыхэм лейуэ зыри яхэткъым, псэущхьэхэри абыхэм иратыну щІыпІэри зыхуей хуэбгъэзэну уи мурадмэ. Ауэ кьалэ папщэ мы псом пэльэщынрэ? Ахъшэ трагъэкІуэдэн зэрамыІэр я щхьэусыгъуэу, щІыхухэмрэ хьэ хьэулейхэмрэ кьызыхуэумынэжьну пІэрэ?

«Махуэкум» и кьыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэщ.

Юсупов Хьэмид Алий и къуэр

КъБР-м и щэнхабзэм хэщІныгъэшхуэ игъэтащ. Хьэлъэу сымаджэ нэужь, дунейм ехыжащ РСФСР-мрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я артист, УФ-м и Театрым и лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Кулиев Кьайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и артист Юсупов Хьэмид Алий и къуэр.

Юсупов Хьэмид Алий и къуэр 1940 гъэм щІышылэм и 2-м КъБАССР-м и Бахъсэн районым хьхьэ Гундэлэн къуажэм къыщалъхуащ. 1963 гъэм ар щІэтІысхьащ Щепкин М. С. и цІэр зезыхьэ Театр училищэм. Ар къыиуа нэужь, Юсуповым ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр театрым и балъкъэр къудамэм щылэжьэн щІидзащ.

Хьэмид кьэхъуІэрт нэгъэсыпауэ ролым ихьэнщ, къепльэхэм ягу-я псэм нэсыфу джэгурт. Іэзагъ лІэужьыгъуэ куэд зыбгъэдэльа артистым кьиГъэщІыфырт гупсысэ лъагэ зыщІэлъ ролхэр, абыхэм я фІыгъэкІэ цІыхупсэм и дахагъэр удихьэхьу кьыхуэгъэльэгъуэрт. Гум и кууагъэр уи фІэщ зэрищІыфым нэмыщІ, уиГъэхьу лІыхъужьыр лъэныкъуэ зыбжанэкІэ уи ягу кьыщІигъэхьфырт абы, театрепльхэми фІыуэ кьалъагъурт хуэфащэу Балъкъэр лъэпкъ театрым и артист пажэу щыта Юсуповым.

Роль куэд щигъэзэщІащ Хьэмид театрым: Шекспир Уильям и «Отелло» трагедиемрэ ар щыджэгуащ Отеллоу; Лавренев Борис и «Хым тетхэм папщІэ» пьесэм Боровскэм и роль игъэзащІу хэтащ; Кулиев Кьайсын «Лъагэныгъэ щыІэщ» зыфІища пьесэм - Алийуэ щытащ; иджыри щыджэгуащ Боташев Исса и «Абрэджьым» - Абрэджу, Афиногенов Александр и «Машэ щыкІым» - Леонид Борисович; Бодыков Ораздэн и «Кьарэкъум гузэвэгъуэм» - Умару; Гигейредз Гильерме и «Бажэмрэ жызумымрэ» пьесэм - Зэопу; Пушкин Александр и «Трагедие цІыкІуэхэм» - Лепореллэрэ Баронымрэ я ролхэр щІгъэзэщІащ; Шекспир Уильям и «Ромеорэ Джульеттэрэ» трагедием - Лоренцэу щыджэгуащ; Островский Александр и «Дэр-дэру дызэгурыІуэжьынщ» пьесэм - Большовэу хэтащ; Миннуллин Туфан и пьесэу «Напэм ухигъадэркъым» жьхуиІэм - Розенберг и ролыр игъэзащІу; ардыдэм итха «ЩІыкІэзыкІыфІыхьащ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и лэжьыгъэм, гуащІэдэкІым и ветеранри щытащ. Хьэмид илъэс куэдкІэ лэжьащ профсоюз комитетым и унафэщІу, театрым и художественнэ советым хэтащ, СКГИИ-м щригъаджэрт.

ЦІыхуфІу, ахэт гъэзэджэу, интеллигент нэсу щыта Юсупов Хьэмид дэ сыт щыгъуэ дигу илъынущ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Театрым щылажьэхэм я зэгухьэныгъэм, Кулиев Кьайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей къэрал драмэ театрым, «Алан», «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Гундэлэн, Зеиткуэ къуажэхэм я администрацэхэм, республикэм кьыщыдэкІ «Заман», «Адыгэ псалъэ» газетхэм, КъБР-м и радиом я лэжьакІуэхэр.

● Лъэпкъ Іуэху

Дунейпсо адыгэ диктант

Хабзэ дахэ хъуащи, ди лъэпкъэгъуэхэр куэду щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ мы гъэм илъэс ещанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ диктант.

АДЫГЭ тхыбзэм и махуэм, гъатхэпэм и 14-м, ирыгъаръжьэлІэ Іуэху дахэхэм ящыщ, лъэпкъым и цІыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи гурыщІэм щызыгъафІэ хэкупсэхэр кьызэщІэзыубыдэ а диктантыр къыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэмкІэ и къудамэм. Диктантым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщІэр кьэІэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкІэ бгъэдэль щІэныгъэр адэкІи егъэфІэкІуэныр, щэнхабзэр хьумэныр.

Мы гъэрей диктантыр гъатхэпэм и 12-м екІуэкІынущ. Офлайн щыкІэм тету ар кьыщыщзэрагъэпэщынущ ди республикэм и щІыналъэхэм, кьалэхэм щылажьэ курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр (аудиторэ №501-нэ, СГИ), КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетыр, Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэр. Диктантым сыхьэт 15-м щІидзэнущ.

ДАХ-м нэхъапэІэкІэ къыхилъхьауэ щыта «Анэдэлъхубзэр хъума хъунымкІэ си Іуэху епльыкІэр» сочиненэ зэпеуэм адэкІи пещэ. Абы уэхт хъунущ онлайн щыкІэм тету.

Диктантымрэ сочиненэмрэ зэрекІуэкІ хабзэхэм нэхъ гъунэгъу щыгъуаззэ зыщыхуэпщІыфрынущ ДАХ-м и intercircass.org сайтым. ФыщІэупщІэ хъунущ 89289109975, 89286934817 телефонхэмкІэ.

Егъэджэныгъэ акцэр екІуэкІынущ Граждан жылагъуэм зегъэужьныныкІэ УФ-м и Президентым кьыхилъха грантыр и лъабжьэу. Ар Президент грантхэм я фондым кьыхэкІащ.

Іуэхугъуэр кьызэрагъэпэщынущ Роспотребнадзорым кьигъэува санитар мардэхэм тету.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Футбол

МамырщІэкъу джылахъстэнейхэр

Республикэм футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым зи чэзу джэгуГъуэр щызэхэтащ. Абы дызыпэмыплъа гуэрри къыщыхъуакъым.

ЗЭРИХАБЗЭУ, «Автозапчасть»-м аргуэру очкоищ зыІэригъэхьащ. Зеикъуэ и «Шагъдийм» ар зэрелэІэлІэща щыІэкъым.

Бахъсэндэсхэр жыжьэ ямыуТІыпщыну хущІокъу Налшык и «Мурбек»-мрэ Дзэлыкъуэ щІынальэм щыщ «Малка»-мрэ я футболистхэр. Ахэри джэгуГъуэ блэкІам щытекІуащ. Абы щыгъуэми Кьэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм и командэм ар тынш дыдэу кьехъуІами, малкэдэсхэм хуабжьу гугъу зрагъэхьын хуей хъуащ.

Зэхьэзэхуэм зэрыщиДзэрэ иджы еплІанэу зэрытемыгъэкІуэуэ ерх «Тэрчыр» зыхэта зэІуІэщхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, джылахъстэнейдэсхэм я мамырщІэкъуныгъэм фІы кьахуихьыркъым. Абы и щыхьэтщ зэ фІэкІа кьыхамыгъэщІами, етхуанэ увыпІэм нэхъ лъагэ зэрыдэмыкІуеифар.

БлэкІа джэгуГъуэм зыщыщІэзыпхъэха «Маисэмрэ» «КъБКъУ»-мрэ зэхуэмыдзу кьыкІэлъыкІуэм ирихьэлІащ. Студентхэм Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм къикІахэм бэнэныгъэ гуащІэ иращІыпІэри, очкоищ кьыІэщІахащ. Мы гъэм «КъБКъУ»-м апхуэдэ ехъулІэныгъэ зэ закъуэ иІауэ арат. Иджы зыІэригъэха ертуанэ текІуэныгъэм ар иуфэ дыдэ увыпІэм зэкІэ кьиришащ. Абы и пІэ иуващ «Шэрэджым» тыншу зэзыта «Маисэр». Адэкіэ зэрыхъунур хэт ищІэн?!

Гъащцъьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщІыгъащ «Малка»-м и пашэ ШащІэ Беслъэн. Абы кІэщІу къыкІэпІэІэ «Ансар»-м и Іуащцъьауэ Тамаев Аланрэ «Табугент»-м щыджэгу Глашев Алимрэ.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Кьэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи (Налшык) - **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **2**:**5**.

«ДыгъафІэ кьалэм» и стадионым кьыкІэтъыкІуэ джэгуГъуэм щызэІущІэнущ: *щэбэтым* - «КъБКъУ» - «Спартак-Д», «Маисэ» - «Автозапчасть», «Кэнжэ» - «Шагъдий», «Шэджэм-2» - «Инал», «Мурбек» - «Табугент»; тхьэмахуэм - «Тэрч» - «ХьэтІохъущыкъуей», «Ислъэмей» - «Ансар», «Шэрэдж» - «Малка» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2021 гъэм и щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	9	8	1	0	27-4	25
2.	«Мурбек»	9	7	0	2	24-7	21
3.	«Малка»	9	6	1	2	21-16	19
4.	«Шэрэдж»	9	5	2	2	17-13	17
5.	«Тэрч»	9	4	4	1	16-8	16
6.	«Инал»	9	4	3	2	16-12	15
7.	«Табугент»	9	4	3	2	20-17	15
8.	«Кэнжэ»	9	4	0	5	15-13	12
9.	«Шэджэм-2»	9	3	2	4	15-13	11
10.	«Ислъэмей»	9	3	1	5	11-13	10
11.	«Шагъдий»	9	2	4	3	13-15	10
12.	«Спартак-Д»	9	2	2	5	8-10	8
13.	«ХьэтІохъущыкъуей»	9	2	2	5	10-26	8
14.	«Маисэ»	9	2	0	7	13-25	6
15.	**«КъБКъУ»**	**9**	**2**	**0**	**7**	**11-31**	**6**
16.	**«Ансар»**	**9**	**1**	**1**	**7**	**12-26**	**4**

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1ап1эм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащцъэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Кьэбэрдей-Балъкъэр» БТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Кьэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хьэбарегъаІуІэ агентствэм, «Эльбрус» тхьыль тедзапІэм я лэжьапІуэхэр «КъБР-Медиа» Іуэхущ1ап1эм автотранспортым кІэльыпльынымрэ ар къэгъэсэбэпынымкІэ и къудамэм и механик **Мурзаев Шамиль Тяммот и къуэм** хуогузаев абы и **адэ Мурзаев Тяммот Барэсбий и къуэр** дунейм зэрехьажам кьыхэкІыу.

Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэр щІэныгъэ къудамэм и щІэныгъэзІ пажэ **Тхьэгъэзэит Юрий Шэрдэн зэмэд и къуэм** хуогузаев абы и **къуэш Тхьэгъэзэит Зубер Мухьэмэд и къуэр** дунейм зэрехьажам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаз Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, НэщІэнэджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иза.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●